ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№139 (23.297) ● 2016 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 20, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# КІуэкІуэ Юрий яхуэзащ нэгъуэщІ къэралхэм я лІыкІуэхэри зыхэт «Nalchik-2016» фестивалхэм кинофестивалыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ

**КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. дыгъуасэ Правительствэм и Унэм щахуэзащ республикэм и къалащхьэм бадзэуэгъуэм и 16-20-хэм екІуэкІа, нэгъуэщІ къэралхэм я лІыкІуэхэри зыхэта «Nalchik-2016» фестивалхэм я кинофестивалыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы и хьэщІэхэмрэ.**

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІащ УФ-м и Кинематографистхэм я союзым и секретарь, сценарийкэр зытх Новожилов Сергей, киноведхэмрэ кинокритикхэмрэ я зэгухьэныгъэм и вице-президент Шемякин Андрей, Украинэ ССР-м щІыхь зиІэ и артисткэ Шевчук Ирин, УФ-м и цІыхубэ артистхэу Ливанов Аристархи, Прыгунов Лев, Урысейм щІыхь зиІэ и артисткэ Яковлевэ Маринэ, театрымрэ киномкІэ я актёрхэу Макеевэ Анастасие, Колосов Максим, Италием, Латвием, Польшэм, СНГ-м хьыхь къэралхэм щэнхабзэмкІэ я лэжьакІуэхэр.

ХьэщІэ цІэрыІуэхэм фІэхъус сэлам ярихри, КІуэкІуэ Юрий Урысейм и Кинематографистхэм я союзым фІыщІэ хуищІащ мыпхуэдэ зэхьыхьэшхуэ щригъэкІуэкІын папщІэ Налшык къалэр къызэрыхихам папщІэ. Абы къыхигъэщхьэхукІащ фестивалыр къэралым и Президент Путин В. В. Кином и илъэсу игъэІуа гъэм зэрекІуэкІыр.

Республикэм и Унафэщым къызэрилъытэмкІэ, актёр щІалэхэр зи Іэщіагъэм хуэІэзэ артистышхуэхэм зэрахуэзэр къэралым и кинематографым зегъэужьынымкІэ, ди щыналъэм щыІэ режиссёрхэм я Іэзэгъым хэгъэхъуэнымкІэ сэбэп мэхъу. 2015 гъэм КъБКъУ-м киномрэ телевиденэмкІэ я режессурэм я кафедрэм еджапІэм къыщІигъэкІащ Урысейм и цІыхубэ артист, кинорежиссёр Сокуров Александр и творческэ мастерскойм щеджа апэ гупыр.

КІуэкІуэ Юрий кинофестивалыр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтхэмрэ къыхуриджащ лэжьыгъэм къыдэкІуэу, ди щыналъэмкІи щыгъуазэ зэщІыну: Іащьхьэмахуэ лъапэ щауэкъуэдия, Европэм щынэхъ льагъэ дыдэ кІапсэ гъуэгумкІэ метр 3847-м нэскІэ дэкІуеиину, Гуэл щхьэантІэхэр, Шэджэм псыкъельэхэр зрагъэльэгъуну, роботехникэмкІэ, космическэ моделхэмкІэ, ІТ-технологиехэмкІэ, правовой щІэныгъэхэмкІэ классхэм къадэкІуэу, сабийхэм я киностудие къыщІэзрагъэпэщыну «ДыгъафІэ къалэ» творческэ академиеу Налшык къыщІэзІуахам епльыну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым нобэм ирихьэлІэу псоми я къару зэхэлъкІэ криминоген щытыкІэр щрагъэфІэкІащ, терроризмэм и шыналъэр къыщагъэтІэсхащ. Апхуэдэ щытыкІэр хьума хьун папщІэ, къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Юрий, щІалэгъуалэм зэрадэлажьэр нэхъри щІагъэхуэбжьэн, абыхэм я гулъытэр лэжьыгъэм, творчествэм хуэнэтІын, зэфІэкІыу яІэр къагъэсэбэпын папщІэ зыхуэфащэ Іэмалхэр къахуэІухын хуейщ. ТворчествэмкІэ академиер къызэрызэрагъэпэщар абы хуэунэтІа зы лъэбакъэщ.

Новожилов Сергей гуапэу къызэрырагъэблагъам папщІэ республикэм и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ: «Дэ фІы куэд ди нэгу щІэкІащ икІи фи щыналъэм дикІыжьыну дыхуейкъым».

Прыгунов Лев гуапэу тепсэльыхьыжащ 1968 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым фильм кІэщІ щытезыхахэм зэрахэтам. Яковлевэ Маринэ «Nalchik-2016» фестивалым и къызэгъэпэщакІуэхэм лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкІуэкІар къыгъэлъэгуащ икІи КъБР-м къытригъэзэжу и гуапэу къызэрыкІуэнур жиІащ.

КІуэкІуэ Юрий ядИыгъащ кино техныкмкІэ иджырей Іэмалхэм ехьэлІа творческэ мастер-класс зэмылІэужьыгъуэхэр Налшык къыщызэгъэпэщыныкмкІэ къалэм дэІепыкъуным теухуауэ зэІуцІэм къыщыпсэльахэм къыхальхьаехэр.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.***

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

# Лъэпкъхэм я зэгурыІуэныгъэр ди къарум и хэкІыпІэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядалэжьэныгъэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі Іэ и управленэм и унафэщІ КІурашын А. В. иджыблагъэ КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ «Лъэпкъ зэгурыІуэныгъэр къызэгъэпэщыным и Іуэхукі Іэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №602-р гъэзэщІэныкмкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым я зи чэзу зэІущІэр.**

АБЫ хэтащ КЪБР-м и къэрал чэнджэщэгу Къэрмокъуэ Хь. М., КЪБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэзу Уянаевэ А. М., Дроздов И. П. сымэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэм я Іэтащхьэхэм я къуэдзэхэу къэралым и лъэпкъ политикэр пхыгъэкІыныкмкІэ жэуап зыхьхэр, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр.

Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядалэжьэныгъэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ и управленэм и унафэщым и къуэдзэ Гергоков Д. Б. зэІущІэм щищІа докладыр теухуауэ щытащ къэрал властым и органхэм лъэпкъ зэгурымыІуэныгъэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ ирагъэкІукІ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным.

Абы къыхигъэщхьэхукІащ «2016 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэмрэ ядалэжьэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал программэр Правительствэм 2016 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыдигъэкІа унафэ №946-ПП-мкІэ къызэрищтар икІи УФ-м и Президентым и Указым къыщигъэув къалэнхэр гъэзэщІэныкмкІэ ар хуабжьу сэбэп хъуну къызэрилъытэр. Къэрал лъэпкъ политикэр пхыгъэкІыным хуэунэтІа программэхэр ягъэзэщІэн папщІэ республикэм и бюджетым щыхухаха ахъшэр сом мелуан 11,6-м ноблагъэ. Апхуэдэу « Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэныр» абы хэм я щэнхабзэ зыужьыныгъэм зегъэубгъуныр» (2014-2020 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ 2016 гъэм кърибыдзу сом мелуанитІрэ мин 558-рэ республикэм къыІэрыхьэнущ.

Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указым къигъэувэр гъэзэщІэныкмкІэ зэфІагъэкІ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ республикэм ис лъэпкъхэм я зэхущытыкІэхэм зэпымыууэ зэрыкІэлъыплъыр. А лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьэным хуэунэтІащ къэрал лъэпкъ политикэр гъэзэщІэным, дин экстремизмэм пэщІэтыным зэщІыгъуу зэделэжьныкмкІэ ди республикэмрэ Лъэпкъхэм я Іуэхуэхэмкі Іэ федеральнэ агентствэмрэ 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м зэращІылІа зэгурыІуэныгъэ.

Ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым я зэІущІэм апхуэдэу къыщыпсэльащ Іуащьхьэмахуэ муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Афашоковэ Р. Д., Тэрч муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Семэн П. Г., Прохладнэ къалэ округым и щыналъэ администрацэм щэнхабзэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, спортымкІэ и къудамэм и Іэщіагъэлі нэхъыщхьэ Анастасиевэ Л. Н. сымэ. Абыхэм зэІущІэм хэтахэр щыгъуазэ ящІащ лъэпкъ, дин зэгурымыІуэныгъэхэр къэмыгъэхъуныкмкІэ езыхэм я муниципальнэ щыналъэхэм щызэфІагъэкІхэм, апхуэдэу я щыналъэхэм къэІэпхъуэхэмрэ иІэпхъуклхэмрэ ятеухуа бжыгъэхэм.

Доклад зыщІахэмрэ къэпсэльэхэмрэ жаІахэм япкъ иткІэ зэІущІэм хэтахэм къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядалэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі Іэ и управленэм хуэгъэза чэнджэщ пыухыкІа-хэр. Апхуэдэу лъэпкъ, дин зэхущытыкІхэм зэрыкІэлъыплъыр муниципальнэ щыналъэхэм щегъэфІэкІуэныкмкІэ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щыналъэ администрацэхэр нэхъ зэгугъын хуейуэ щыІэ Іуэхуэхэр къыхагъэщхьэхукІащ.

# Урысей Православнэ Члисэм КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. фІыщІэ къыхуещІ Москва, Урысей Псом я патриарх Кириллрэ абы щІыгъуахэмрэ гуапэу къызэрыригъэблагъам икІи хьэщІагъэ зэрарихам папщІэ

**Москва, Урысей Псом я патриарх Кириллрэ абы щІыгъуахэмрэ гуапэу зэрыригъэблагъам икІи хьэщІагъэ зэрарихам папщІэ Москвэдэрей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Ю. А. фІыщІэ къызэрыхуащІым теухуа унафэ.**

Урысей Православнэ Члисэм и Іэтащхьэр лэжьыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІауэ щытащ 2016 гъэм накъыгъэм и 15-м.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.***

● Бахъсэн щІыналъэ

# Джэш щхъуантІэр Іуахыж

**Щоджэнцыкіым и цІэр зезыхьэ мэкъумэш кооперативым джэш щхъуантІэр Іуехыж.**

МЫ гъэм абы хуахаха гектари 120-м щыщу 100-р кърахьэлІэжьну хунэсащ. Ужрэ уэшхыжрэ къаухуихьа хэщІыныгъэхэми емылъытауэ, зы гектарым хуэзэу центнер 35-37-р къытрах. Ахэр кІэрыхуншэу кІыхьэщІакъуэж нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэхуа комбайнхэмкІэ. Бахъсэн къалэ администрацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и къудамэм и Іэщіагъэлі нэхъыщхьэ ТхьэкІумащІэ Борис дызэрыщІигъэгъуэзамкІэ, ди щыналъэм къыщагъэкІа джэш щхъуантІэр и фІагъкІэ къакІэрыхуркъым нэгъуэщІ къэралхэм зэман и пэкІэ кърашу щытахэм. Уеблэмэ а хадэхэкІ лІэужьыгъуэр щхъуэх емыхьэлІауэ къабзэщ, абы пэхъун иджыпсту къэгъуэтыгъуейуэ.

Адэкіэ джэш щхъуантІэм щелэжьынущ республикэм и консерв заводхэм.

**НЫР Іэуес.**

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

# МэкъумэшыщІэхэр бэлэрыгъыркъым

**«Верхнемалкинскэ» мэкъумэш предприятэм хьэпщІийр щыІуахыж.**

«МАМЛЮК» лІэужьыгъуэм щыщу мы гъэм хозяйствэм хиса гектари 100-р бэв хъуащ. Зы гектарым хуэзэу ику иту къытрахыр центнер 30, язныкъуэ щІыпІэхэм ар центнер 45-м щыноблагъэ.

СХПК-м мэкъумылэ хэплъыхьауэ тонн мини 2 къытрихащ гектари 150-р зи инагъ и мэкъуплэхэм. КъищынэмыщІауэ, гектар 200 силосыпхъэ нартыхуу иІэщ. Іэщ щхьэбжыгъэ хъарзыни зиІэ мы мэкъумэш Іэнатіэр Іусыпхъэхэмкіи бэлэрыгъыркъым.

«Верхнемалкинскэ» СХПК-м, хьапщІийм къыхэзыгъэкІэрыхуу щымыІэу, нартыху пасэмрэ бжьыхьэсэ гуэдзымрэ Іуахыжыныр и кІэм щынагъэс.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Гу зылъытапхъэ

# КІыщокъуэ Алим и фэеплъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ уасакІуэ, РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Социалист Лжьыгъэм и Лыхъужь КІыщокъуэ Алим къыщалъхуа бадзэуэгъуэм и 22-м, Налшык къалэ дэт усакІуэм и фэеплъым, уДз гъэгъахэр тралъхьэнущ.

Зэхьхьэм сыхьэти 10-м щІидзэнущ.

**Иджыблагъэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэм къыщыдэкІащ УФ-ми КЪБР-ми гъэзаджэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, адыгэ композитор цІэрыІуэ Молэ Владимир и «От музыкального фольклора к национальной опере» тхылъыр. Лэжьыгъэм и пэублэ псалъэр хуитащ журналист, усакІуэ Моттаевэ Светланэ.**

● ТхылъыщІэ

# Адыгэ макъамэ гъуазджэм и курых

МафІэдз Сэрэбий, Хьэхъупащ Іэ Хьэжьэчыр, Ефэнды Джылахъстэн, Къуэдзокъуэ Хьэсэн, Жылэтэж Сэлэдин, Хьэлупэ Джэбрэил, Гъут Іэдэм, КІэщт Мухьэз сымэ, нэгъуэщІхэми я тхыгъэхэр, и уэрэдхэм я нотэхэр, макъамэ гъуазджэм и тхыдэ уи нэгу къыщІэзыгъэхьэ сурэтхэр.

КъыжьІап-хьэщ, «От музыкального фольклора к национальной опере» лэжьыгъэм ипэ-Іуэкіэ Молэм и Іэдакъэ тхылъ зыбжанэ къызэрыщІэкІар. Апхуэдэщ уэрэдхэр щызэхуэхьэса «Адыгэ уэрэдыжьхэр» (1964 гъэ), «Песни» (1987 гъэ), «Бланэ щалъху мэкІуэж» (1998 гъэ), Іыхьиплл ху «Къамботрэ Лацэрэ» оперэм и нотэхэр зэрыхуа (2004 гъэ), и гукъэкІыжхэмрэ гупсысэхэмрэ щызэхуэхьэса «Святая к музыке любовь» (2005 гъэ), сабийхэм папщІэ итха уэрэдхэр зэрыхуа, сурэтхэмкІэ гъэдэха «У мира доброе начало» (2004 гъэ), «Из истории фольклорной музыкальной культуры Кабардино-Балкарии» (2011 гъэ) тхылъ щхьэпэхэр.

Зи илъэс 75-р нэгъабэ зыгъэльэпІа композитор цІэрыІуэр ноби жыдэжру мэлажьэ, зІэущІэ зиІэ, зэфІэкІкІэ псыхьа лэжьыгъэхэр и Іэдакъэ къыщІэкІыну.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

# НОБЭ

**♦Шахматхэм я дунейпсо махуэщ.** 1966 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ, 1924 гъэм а махуэ дыдэм Париж Дунейпсо шахмат федерацэр (ФИДЕ) къызэрыщызэрагъэпэщам тращІыхьауэ.

**♦Японием щагъэлъапІэ тенджызым и махуэр**

**♦Тортым и дунейпсо махуэщ**

**♦Колумбием и щхьэхуитныныгъэм и махуэщ.** 1810 гъэм Богота къалэм щІыхуэхэр къыщыщізэрыІэтащ, Испанием къыгуэкІыу къэрал щхьэхуит хъуныр къагъэуву.

**♦1534 гъэм** Кембридж (Инджылыз) дунейм щыпэу тхылъ тедзапІэ къыщыщізэІуахащ.

**♦1561 гъэм** Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ чыристан диныр кърагъэщтащ, Марие цІэри фІащащ.

**♦1966 гъэм** КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я советымрэ унафэ къащтащ Волжскэ автомобиль заводыр Тольятти къалэм щыухуэным теухуауэ.

**♦1969 гъэм** США-м и «Аполлон-11» кхъухьыр Мазэм тетІысхьащ.

**♦1990 гъэм** Осетие Ищхъэрэ автономнэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм къыщтащ я къэрал суверенитетым теухуа унафэ икІи я къалащхьэ Орджоникидзе нэхъапэм зэреджэу щыта Владикавказ цІэр иритыжащ.

**♦1561 гъэм** Къэрал, парт лэжьакІуэ, политик **Къущхьэ Гъумар** къызэралъхурэ илъэс 89-рэ ирокъу.

**♦1966 гъэм** КПСС-м и ЦК-мрэ СССР-м и Министрхэм я советымрэ унафэ къащтащ Волжскэ автомобиль заводыр Тольятти къалэм щыухуэным теухуауэ.

**♦1969 гъэм** США-м и «Аполлон-11» кхъухьыр Мазэм тетІысхьащ.

**♦1990 гъэм** Осетие Ищхъэрэ автономнэ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм къыщтащ я къэрал суверенитетым теухуа унафэ **Лиуан** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

**♦**Усакіуэ, драматург, АР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгейм и цІыхубэ тхакІуэ **Къуиикъуэ Налбий** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

**♦**Экономист еджагъэшхуэ, Кубанми АР-ми щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩІДАА-м и академик, РАЕН-м, Нью-Йорк академием хэт **ТІрахъуэ Энвер** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

**♦**Урысей фигурист цІэрыІуэ, гъэсакІуэ, Олимп джэгухэм дыжьын, жэз медалхэр къыщызыхьа **Жулин Александр** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кмкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 26-рэ, жэщым градус 19 - 22-рэ щыхьунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Псалъэ мышыур шхын мышыум хуэдэщ.**

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

# Мэкъумэшыщ Іэхэр бэлэрыгъыркъым

**«Верхнемалкинскэ» мэкъумэш предприятэм хьэпщІийр щыІуахыж.**

«МАМЛЮК» лІэужьыгъуэм щыщу мы гъэм хозяйствэм хиса гектари 100-р бэв хъуащ. Зы гектарым хуэзэу ику иту къытрахыр центнер 30, язныкъуэ щІыпІэхэм ар центнер 45-м щыноблагъэ.

СХПК-м мэкъумылэ хэплъыхьауэ тонн мини 2 къытрихащ гектари 150-р зи инагъ и мэкъуплэхэм. КъищынэмыщІауэ, гектар 200 силосыпхъэ нартыхуу иІэщ. Іэщ щхьэбжыгъэ хъарзыни зиІэ мы мэкъумэш Іэнатіэр Іусыпхъэхэмкіи бэлэрыгъыркъым.

«Верхнемалкинскэ» СХПК-м, хьапщІийм къыхэзыгъэкІэрыхуу щымыІэу, нартыху пасэмрэ бжьыхьэсэ гуэдзымрэ Іуахыжыныр и кІэм щынагъэс.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

# Лъэпкъхэм я зэгурыІуэныгъэр ди къарум и хэкІыпІэщ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядалэжьэныгъэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі Іэ и управленэм и унафэщІ КІурашын А. В. иджыблагъэ КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ «Лъэпкъ зэгурыІуэныгъэр къызэгъэпэщыным и Іуэхукі Іэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №602-р гъэзэщІэныкмкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым я зи чэзу зэІущІэр.**

АБЫ хэтащ КЪБР-м и къэрал чэнджэщэгу Къэрмокъуэ Хь. М., КЪБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэзу Уянаевэ А. М., Дроздов И. П. сымэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ районхэм я Іэтащхьэхэм я къуэдзэхэу къэралым и лъэпкъ политикэр пхыгъэкІыныкмкІэ жэуап зыхьхэр, министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр.

Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядалэжьэныгъэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі Іэ и управленэм и унафэщым и къуэдзэ Гергоков Д. Б. зэІущІэм щищІа докладыр теухуауэ щытащ къэрал властым и органхэм лъэпкъ зэгурымыІуэныгъэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ ирагъэкІукІ лэжьыгъэр егъэфІэкІуэным.

Абы къыхигъэщхьэхукІащ «2016 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэмрэ ядалэжьэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал программэр Правительствэм 2016 гъэм гъатхэпэм и 30-м къыдигъэкІа унафэ №946-ПП-мкІэ къызэрищтар икІи УФ-м и Президентым и Указым къыщигъэув къалэнхэр гъэзэщІэныкмкІэ ар хуабжьу сэбэп хъуну къызэрилъытэр. Къэрал лъэпкъ политикэр пхыгъэкІыным хуэунэтІа программэхэр ягъэзэщІэн папщІэ республикэм и бюджетым щыхухаха ахъшэр сом мелуан 11,6-м ноблагъэ. Апхуэдэу « Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэныр» абы хэм я щэнхабзэ зыужьыныгъэм зегъэубгъуныр» (2014-2020 гъэхэм)» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ 2016 гъэм кърибыдзу сом мелуанитІрэ мин 558-рэ республикэм къыІэрыхьэнущ.

Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указым къигъэувэр гъэзэщІэныкмкІэ зэфІагъэкІ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ республикэм ис лъэпкъхэм я зэхущытыкІэхэм зэпымыууэ зэрыкІэлъыплъыр. А лэжьыгъэр щІэгъэхуэбжьэным хуэунэтІащ къэрал лъэпкъ политикэр гъэзэщІэным, дин экстремизмэм пэщІэтыным зэщІыгъуу зэделэжьныкмкІэ ди республикэмрэ Лъэпкъхэм я Іуэхуэхэмкі Іэ федеральнэ агентствэмрэ 2015 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м зэращІылІа зэгурыІуэныгъэ.

Ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым я зэІущІэм апхуэдэу къыщыпсэльащ Іуащьхьэмахуэ муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Афашоковэ Р. Д., Тэрч муниципальнэ районым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Семэн П. Г., Прохладнэ къалэ округым и щыналъэ администрацэм щэнхабзэмкІэ, социальнэ политикэмкІэ, спортымкІэ и къудамэм и Іэщіагъэлі нэхъыщхьэ Анастасиевэ Л. Н. сымэ. Абыхэм зэІущІэм хэтахэр щыгъуазэ ящІащ лъэпкъ, дин зэгурымыІуэныгъэхэр къэмыгъэхъуныкмкІэ езыхэм я муниципальнэ щыналъэхэм щызэфІагъэкІхэм, апхуэдэу я щыналъэхэм къэІэпхъуэхэмрэ иІэпхъуклхэмрэ ятеухуа бжыгъэхэм.

Доклад зыщІахэмрэ къэпсэльэхэмрэ жаІахэм япкъ иткІэ зэІущІэм хэтахэм къащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядалэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі Іэ и управленэм хуэгъэза чэнджэщ пыухыкІа-хэр. Апхуэдэу лъэпкъ, дин зэхущытыкІхэм зэрыкІэлъыплъыр муниципальнэ щыналъэхэм щегъэфІэкІуэныкмкІэ муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я щыналъэ администрацэхэр нэхъ зэгугъын хуейуэ щыІэ Іуэхуэхэр къыхагъэщхьэхукІащ.

# Кинофестивалыр нобэ зэхуащІыж

**Кином и илъэсым хьыхьу. Налшык къалэм щокІуэкІ «Налшык-2016» фестивалхэм я апэ дунейпсо кинофестивалыр.**

ФЕСТИВАЛЫР Кавказ Ищхъэрэм и дунейпсо щэнхабзэ кинофестивальныкІэ хъуащ. Абы хэтащ киногъуазджэм хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІа, хамэ къэралхэм къикІа хьэщІэхэр, урыс кинематографием и вагъуэхэр.

ГуфІэгъуэ щытыкІэм иту бадзэуэгъуэм и 20-м сыхьэт 19-м фестивалыр зэхуащІыжыну. Абы хэтынущ РСФСР-м щІыхь зиІэ и артистхэу, УФ-м и цІыхубэ артистхэу **Ливанов Аристархэ Прыгунов Левраз**, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Яковлевэ Маринэ**, СССР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Шевчук Ирин**, театрымрэ киномрэ я артистхэу **Макеевэ Анастасие, Гимадеев Наил, Колосов Максим, Залакс Эдийс** (Латвие) сымэ.

УпщІэ зиІэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкІэ 40-74-39, 40-81-50.

**АРЩЫДАН Дисэ.**

**«2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховании щІыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страховании щІыналъэ фондым и бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр хъэщтэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын Іэ щІидзын икІи цІыхуэхэр щыгъуазэ ищІын папщІэ.

3.Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ**

*Налшык къалэ*
*2016 гъэм накъыгъэм и 26-м*
*№500-П-П*

**Политикэ партхэм, кандидатхэм хэхыныгъэм ипэ къихуэу ирагъэкІукІ агитацэм ехьэлІа материалхэр, апхуэдэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэр щыхах лъэхъэнэм абыхэм ящыгъуу къат адрей документхэр къыдэлэжьыгъуу къат адрей документхэр къыдэрыІах, учётым зэрагъэув, зэрызэпкърах, зэрелэжь, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм зэрыщахъуэм хабзэм и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Налшык къалэ №141/3-5***

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къащта Урысей Федерацэм и Федеральнэ закон №20-ФЗ-м и 68-нэ статьям и Іыхьэ 5-м, Информацэм пыщІа зэгурымыІуэныгъэхэмрэ хэхыныгъэхэр информацэкІэ къызэгъэпэщыным ехьэлІа нэгъуэщІ Іуэхуэхмкіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и ГъэпсыкІуэ ятеухуа Положениэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2011 гъэм щыщкъэуІуи и 17-м къыдигъэкІа унафэ №93/5-5-мкІэ къыщтам ябгъ ИтКІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ:**

1. Политикэ партхэм, кандидатхэм хэхыныгъэм ипэ къихуэу ирагъэкІукІ агитацэм ехьэлІа материалхэр, апхуэдэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэр щыхах лъэхъэнэм абыхэм ящыгъуу къат адрей документхэр къыздэлэжьыгъуу къат адрей документхэр къыздэрыІах, учётым зэрагъэув, зэрызэпкърах, зэрелэжь, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм зэрыщахъуэм Хабзэр къыщІэн.

2. Информацэм пыщІа зэгурымыІуэныгъэхэмрэ хэхыныгъэхэр информацэкІэ къызэгъэпэщыным ехьэлІа адрей Іуэхуэхмкіэ лэжьакіуэ гупым я унафэщІым къалэн щыщІын политикэ партхэм, кандидатхэм хэхыныгъэм ипэ къихуэу ирагъэкІукІ агитацэм ехьэлІа материалхэр, апхуэдэу Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэр щыхах лъэхъэнэм абыхэм ящыгъуу къат адрей документхэр кІеІыхыным, учётым гъуэным, ахэр зэпкърыхным елэжьыным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм щыхъуэмэным пыщІа лэжьыгъэр къызэригъэпэщыну.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм Информацэмкіэ и центрым и унафэщІым (Бещтокъуэ М.Хь.) хуэгъэувын хэхыныгъэм ипэ къихуэу ирагъэкІукІ агитацэм и материалхэр къыщІаткІэ ахэр зыштатэ электрон Іэмэпсымэхэр къэпщытэныр и зэманым ирагъэкІуэкІыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и къызэгъэпэщакіуэ-правовой къудамэм и Іэщ1агъэлІ пажэм (Тхъэщокъуэ Г.В.) хуэгъэувын хэхыныгъэм ипэ къихуэу агитацэр, референдум къыщызэрагъэпэщым деж ирагъэкІукІ агитацэр Урысей Федерацэм и «Хэхыныгъэхэр» къэрал автоматикэ системэр къэгъэсэбэпыныжмкІэ Регламентым, Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщІхьэм 2013 гъэм мазаем и 14-м къыдигъэкІа унафэ №161/1192-6-мкІэ къыщтам, щыубзыхуэ пІалъэхэм тету зэрырагъэкІыжым кІэлъыплъым папщІэ «Хэхыныгъэхэр» къэрал автоматикэ системэм и «Агитацэ» Іыхьэм зыхуэфащэ информацэр ирилъхьэну.

5. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІым и къуадзэ, Информацэм пыщІа зэгурымыІуэныгъэхэмрэ хэхыныгъэхэр информацэкІэ къызэгъэпэщыным ехьэлІа нэгъуэщІ Іуэхуэхмкіэ лэжьакіуэ гупым я унафэщІым (Евтушенко С.В.).

6. Мы унафэр щІыхьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІиэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ**

**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр щыхахкІэ кандидатыр къагъэлъэгъуэнри (езым зыкъигъэлъэгъуэжыныр) зэрыдаІыгъым теухуауэ хэхакіуэхэм Іэ зэщІрагъэдза тхылъу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м и окружной хэхакіуэ комиссэм къипщытэн хуейхэм я бжыгъэр убзыхуным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм бадзэуэгъуэм и 7-м Налшык къалэ №141/6-5***

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къащта Федеральнэ закон №20-ФЗ-м и 49-нэ статьям и Іыхьэ 7-м, «Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидатыр къэгъэлъэгъуэныр (езым зыкъигъэлъэгъуэжыныр) зэрыдаІыгъым теухуауэ хэхакіуэхэм Іэ зэщІрагъэдз тхылъхэр зэратхым, ахэр окружной хэхакіуэ комиссэм къаззыІихым икІи къызэрипщытэм пыщІа Іуэхуэхэм ятеухуауэ» Урысей Федерацэм и Хэхакіуэ комиссэ нэхъыщІхьэм 2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м къыдигъэкІа унафэ №13/109-7-м я пкъ иткІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м и окружной хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ:**

1. Кандидатыр къагъэлъэгъуэныр (езым зыкъигъэлъэгъуэжыныр) зэрыдаІыгъым теухуауэ хэхакіуэхэм Іэ зэщІрагъэдза тхылъу «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ - зы мандатКІэ Іэ щаІэт Къэбэрдей-Балъкъэр хэхыпІэ округ» зы мандатКІэ Іэ щаІэт хэхыпІэ округ №14-м и окружной хэхакіуэ комиссэм хэкІпщытэн хуейхэм я бжыгъэр 3196-рэ, Іэ зэщІрагъэдз тхылъхэм Іэ щІэзыщІза хэхакіуэхэм ятеухуа зыхэсфащэ тхыгъэхэри апхуэдиз дыдэ хъууэ гъуэвын.

2. Мы унафэр щІыхьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІиэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ**

**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр щыхахкІэ Урысей Федерацэм къриубыдэу езыхэр щыпсэу щІыпІэхэм щамытха хэхакіуэхэм Іэ щаІэтыну щІыпІэхэр убзыхуным и Іуэхукіэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

***2016 гъэм мэкъуауэгъуэм и 7-м Налшык къалэ №141/9-5***

«Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр зэрыхахым и Іуэхукіэ» 2014 гъэм мазаем и 22-м къащта Федеральнэ закон №20-ФЗ-м и 17-нэ статьям и Іыхьэ 6-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ:**

1. Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутатхэр щыхахкІэ Урысей Федерацэм къриубыдэу езыхэр щыпсэу щІыпІэхэм щамытха хэхакіуэхэм Іэ щаІэтыну убзыхун Малкэ къуажэм и хэхыпІэ участкэ №53-м, Бахьсэн къалэм и хэхыпІэ участкэ №35-м, Налшык къалэм и хэхыпІэ участкэ №162-м, Прохладнэ къалэм и хэхыпІэ участкэ №2239-м, Нарткъалэ къалэм и хэхыпІэ участкэ №2294-м, Звёздно посёлкэм и хэхыпІэ участкэ №317-м, Тырныауз къалэм и хэхыпІэ участкэ №347-м, Терскол посёлкэм и хэхыпІэ участкэ №355-м я унэкэр.

2. Участкэхэм я хэхакіуэ комиссэхэм яхуэгъэувын Урысей Федерацэм и щІыналъэм хиубыдэу езыхэр щыпсэу щІыпІэхэм щамытха хэхакіуэхэр хэхыныгъэхэр щекІуэкІ махуэм нэсыху езыхэм участкэ хэхакіуэ комиссэм тхыгъэкІэ ирата лъэІум ипкъ иткІэ хэхыпІэ участкэхэу мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуахэм я хэхакіуэхэм я спискэм иратэну.

3. Мы унафэр щІыхьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм «Интернет» хъыбарегъащІэ-телекоммуникацэ сетым щІиэ сайтым илъхьэн.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и унафэщІ ДЖЭШ Вячеслав**
**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и секретарь ДЖАППУЕВ Мусэ**

# «Урысей Федерацэм и цІыхухэм щІэныгъэ пщІэншэу зрагъэгъуэтыфын хуейщ, СССР-м зэрыщыщытам хуэдэу»

**Апхуэдэу къелъытэ Миронов Сергей, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и пашэм, УФ-м и Правительствэм зэман кІэщІым кІри-убыдэу игъэзэщІапхъэу къилъытэ Іуэхугъуихым я ебланэу егъэджэныгъэ Іэнатіэр егъэфІэкІуэн хуейуэ къыгъэуващ абы.**

● Егъэджэныгъэ

«ДИ КЪЭРАЛЫМ илъэс 20-м щІигъуауэ щокІуэкІ егъэджэныгъэ Іэнатіэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным хуэунэтІа эксперимент, - жеІэ Миронов-ым. - Абы и купщІэр наІуэ къишІащ УФ-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Ливановым: «Гъэхьэзырын хуейр технологиещІэхэр къэзыхутэфын, къэзыгъэщІыфын Іэщіагъэлікъым, атІэ хамэ щІыпІэхэм къыщагупсыса технологиещІэхэр ди гъащІэм хэзыпщэфынщ». Апхуэдэ Іуэху ептъыкІэ зиІэхэм къагурыІуэркъым хьэршыр зи хъупсапІэ къэралым конструкторхэмрэ космонавтхэмрэ зэригъэхьэзырпхъэр, ауэ щыхъукІи хамэм и акъылым щІэнэщІу щыс къэралым зыужыныгъэ лъэпкъ имыІэу, дуней псоми и пщІэр щылъахьшэу зэрыщытыр.

Псори къыщежьэр школырщ. Совет лъэхъэнэм ди къэралым щылэжьа школхэм, ар куэдым ящІэж, щыІэт авиа гупжьейхэр, къхъуахэр зэращІым щызыгъэгъуазэхэр, апхуэдэу уэрэд жьІэным, театрым дахьэх ныбжьыщІэхэм папщІэ гуп щхьэхуэхэр, баскетболым, футболым, хоккеим зыщыхуагъасэ секцэхэр. А псори пщІэншэу лажьэрт. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм абыхэм я лъабжьэр зэхакъутащ, 2000 гъэм ирихьэлІэу школыр хъущ хьэрычэтыщІэ Іэнатіэ: сабийхэм лиотекэхэр, гупжьей зэмылІэужьыгъуэхэр, цІыхум псэкупсэ щІэныгъэрэ къулеигъэрэ къыбгъэдэзылъхьэт школыр. Апхуэдэ лъапІэныгъэхэр зыдэмылъыж къужьр ябгьнэ щІалэгъуалэм. Абыхэм зрат къалэшхуэхэм. Къужажьщэр нэщІ мэхъу апхуэдэу. Гектар мелуани 116-рэ хъу къэралым, гъавэ щІалІэу иІэр дуней псом щыхэхьщІыкъэм ящыщым, Іэмал иІэкъым и цІыхур игъэшхэжьыфыну. Ерыскъыпхъэхэм я нэхъыбІэр хамэ къэралхэм къыщыдощхэу.

А псом къадэкІуэу, и пщІэр ираудыхащ ди егъэджакІуэм. Хаутащ, махуэ къэси нэхъри ягъэльагъэхъшэ совет егъэджэныгъэ Іэнатіэр. Ауэ щыхъукІэ, ар и лъабжьэщ Европэм иджьпсту нэхъыфІ дыдэу къыщалъытэ фин щІэныгъэ Іэнатіэм. А къэралым и ІэщіагъэлІхэм зэрадзэкІащ совет лъэхъэнэм ди щІэныгъэ зэреджэу щыта тхыпІэхэм ящыщ куэд, къащтащ егъэджэныгъэ программэхэр, методикэ Іэмалхэр. ЕгъэджакІуэр хъущ зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ егъэджэныгъэм пщІэ Іуэхутхьэзэхэр зыгъэзащІэ лэжьакІуэ. Улахуэ тэмэм, зэрыпсэуфын хуэдиз къихьын папщІэ, иджыпей егъэджакІуэр зэрылэжьэн хуейр зы ставкэм къыбыдэ сыхьэт 18-къым, атІэ абы тхьэмахуэм хуэзэу итын хуейц дерс 25-28-рэ мынэхъ мащІэ. Ар егъэлеяуэ лэжьыгъэшхэщ. Социологхэм ирагъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэм къагъэльагъуэ егъэджакІуэхэм я процент 70-м Іэнатіэр яхъуэжьну зэрыхуейр, ауэ...

**КЪАРДЖІ Маритэ.**
*(«Домовой совет» газетым къитхьжащ)*

# Мыхьэнэ зиІэ унафэ зыгъуэтыпхъэхэр

● Коллегиехэр

**Урысейм Тезырхэр егъэпшынынымкІэ и федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и коллегием и зэІущІэм 2016 гъэм и япэ мазихым я лэжьыгъэм кІрикІуахэм щыхэплъэжащ, етІуанэ илъэс ныкъуэм гу нэхъ зылъытапхъэхэр щафбзыхуащ.**

ІУЭХУЩІАПІЭМ и унафэщІ Маржэхъу Мухьэмэд зи тхьэмадэу екІуэкІа зэІущІэр Іуэху гуапэкІэ къыщІадзащ: Іэнатіэм ехьэлІэныгъэ щызыІэрызыгъэхьа я лэжьакІуэхэм дамыгъэхэмрэ щІыхь тхылъхэмрэ ираташ.

УФСИН-м и Іуэхущ1апІэхэм я унафэщІхэр къыщыпсалъэм нэхъ зытрагъэщІар мыхьэнэ зиІэ унафэ зыгъуэтыпхъэ Іуэхуэрщ. Абыхэм ящыщ тутнакъэр ягъэлэжьэну Іэмал щыІэныр, Іэщіагъэ гуэрым хурагъэджэныр, хуит хъужмэ, жылагъуэм нэхъ тыншу хэзэгъэнын папщІэ.

ЗэІущІэм щыгъэзыхуащ къапэщыт къалэнхэр. Абыхэм ящыщщ хабзэр зэрагъэзащІэм я нэІэ тетыныр, Іуэхущ1апІэхэм мамыру я къалэныр ягъэззащІэныр, ягъэтІысахэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ядегъэкІуэкІыныр, тутнакъэщхэм къыщыщІагъэкІ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкІэмрэ зэрыпхагъэкІым зегъэубгъуныр.

Мазихым кІрикІуахэр къыщызэщІикъуэжым, Маржэхъу Мухьэмэд дэтхэнэ зи Іэнатіэми хуэфащэ гупльитэ хуищІащ. Абы къихигъэщащ я лэжьыгъэм кІрикІуахэмкІэ зэрыарэзыр.

**ЗАБАР Мадинэ,**
*Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.*

● Іуэху еплъыкІэ

# ЗэхъуэкІыныгъэхэм я чэзукъым

**УФ-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІепыкъуныгъэмкІэ и министерствэм хъыбар къызэритымкІэ, пенсэ зэхуэхьэсым папщІэ лэжьапщІэм къыхаГъэкІ взносхэр къыхэхыныр къызэрызэтрагъэувыІар иджыри 2019 гъэ пщІондэ ягъэкІуатэ. Апхуэдэ есэп щыкІэр УФ-м и Пенсэ фондым тегъэщІапІэ ищІащ, илъэсищ бюджетыр щызэхигъэувэм. МЫ ІУЭХУМ теухуа и Іуэху еплъыкІэр къыщІиуатэм, УФ-м и Жылагъуэ палатэм жылагъуэ къэпщытэныгъэмкІэ, экспертизэмкІэ, жылагъуэ зэгуэхэныгъэхэм ядэлэжьэнымкІэ и комиссэм хэт Мохначук Иван жиІащ пенсэм и «зэхуэзыхьэс» Іыхьэр къызэрыкІ взносхэр къыхэхыныр зэтрагъэувыІэу страховой Іыхьэр къагъэнэну нобэ къызэрытхуагъэльагъуэмкІэ я мурадыр Пенсэ фондыр зыщыщІэр щІауфэну зэрыарар:

«АПХУЭДЭ щыкІэкІэ абыхэм я мурадщ пенсэр зэрат щыкІэр зэхъуэкІыныр зрагъэхъулІэну икІи нэхъапэкІэ къащтаеу щыта зэгурыІуэныгъэм хуиІуэхури мащІэщ. Зы гугъу ящІ зэхъуэкІыныгъэхэр щызэхаублэм, унафэ къащтат пенсэм щыхьэкІэ хагъэкІ процент 22-м щыщу процентри 6-р зэхуэзыхьэс Іыхьэм зрагъэкІуэну. Ипэм щегъэжьауэ гурыІуэгъэт пенсэм и страховой Іыхьэм нобэрей пенсионерхэм я процент къыхахыну зэрахуримыкъунр. А зи гугъу тщІа проценти 6-р къыхахырт икІи зыщІыпІэ дежь щахъумэн, щызэхуахьэсын е цІыхухэм я арэзыныгъэкІэ мыльку кърагъэщІу къагъэсэбэпын хуейт.

Зэхаубла щхьэкІэ, Іуэхур ипІэ икІыртэкъым икІи иджы дызыкъэкІуар къызэрыхъунум шэч къыщІытепхъэни щыІэтэкъым. Ипэрауэ, ахъшэр пенсэ фондым къыхахащ: ятхуригъэкъуэжьыртэкъым, етІуанэрауэ, абы зи мыльку хэзыпльхьэ цІыхуэхэм къафІэІуэхуэкъым, сыту жыпІэмэ, къэралым имей пенсэ фондым халъхьэр езым я ахъшэтэкъым, атІэ лэжьапщІэ къезытым ейрат. Уегупсысмэ, ахэр къэралым и мыльку зэрыщытам хуэдэу е къэралым имей пенсэ фондым и ахъшэу къэнэжырт. Апхуэдэ фондхэр «лажьэу» ирагъэжьну гуэрыІэу, абыхэм я нэхъыбэр «пщэхыжащ», хэти банкрот хъущ, хэти ящэжащ, абы къыдэкІуэу страхователхэм ящыщи яфІэкІуэдащ. УпщІэкэр къуваш: Сыт адэкІэ тщІэнур? Ахъшэр здэщыІэр дэнэ? Къэралым егъэзэгъэфІэфынныгъэкІэ цІыхуэхэр ирихулІэри, я ахъшэр къэралым имей пенсэ фондым ягъэкІуэну лъэІу тхьылъэр ящІэтэхащ, страховой Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ ар (халъхьа ахъшэр къабзэу, зыри къимыщІауэ) къратыжьфыну жалэу шэсыпІэ иувэурэ.

Ауэ абы иужькІэ кризисыр къэхъури, Іуэхур екІакІуэу щІидзащ. Иджы къыджаІэ зыхуэзыхьэс Іыхьэр «ягъэдийуэ», абы и процент 22-р страховой Іыхьэм къыханеныр нэхъ хэкІыпІэфІу. Сыт ар зищІысыр, УФ-м и Центробанкымрэ Финансэхэмкіэ и министерствэмрэ къыхахІыхь пенсэ зэхъуэкІыныгъэщІэхэр Іэуэльауэншэу «пхралъэфыну» я гугъэу армырамэ? КъищынэмыщІауэ, лъэныкъуищ зыхэт Урысей комиссэм (РТК) и лэжьыгъэм дыхэту, мы гъэм и накъыгъэм ирихьэлІэу пенсэ зэхъуэкІыныгъэхэр щыІэнкІэ зэрыхъунум дыщытепсэлъыхьым, финансхэмкІэ министрым и къуэдзэм дыщигъэгъуэзат Іуэхур зытетым.

Статистикэм къитым сыхэплъати, нобэ Урысейм икъ ит улахуэр сом мин 36,6-рэ щыхъуу аращ, ауэ къыхэгъащІыпхъэщ цІыхуэхэм я процент 70-м къахьыр улахуэ нэхъ мащІэу къагъэлъэгъуа мардэм нэхърэ нэхъ мащІэжу зэрыщытыр. ПэжьакІуэхэм я процент 50-м сом мин 20 нэхъ нэхъ мащІэщ къахьыр. Абы тещІыхьауэ Іуэхум уеплъмэ, наІуэщ ерагъкІэ ахъшэ кІапитІыр зэтрагъахуэу псэу цІыхуэхэм я улахуэм иджыри процентри 6 хагъэкІыжыну пэбубыщ зэрымыхъунур.

Ауэ Минфинри щогугъ Іэнатіэ Іутхэм я процент 50-м щІигъур зэхъуэкІыныгъэщІэхэм къыхьыхьэну, ауэ сэ шэч къытызохьэ абы, сыту жьІэмэ, я улахуэм аргуэру зыгуэр хэщІу зэрыхуежьэу, цІыхуэхэм ядэнукъым къэралым имей пенсэ фондхэм я мыльку зэгъэУІуным хьэзэныр. Абы къыдэкІуэуи къыхэзгъэщІну сыхуейт къэралым имей пенсэ фондхэм ди цІыхуэхэм дзыхь ирагъэзыщІу зэрыщымытыр. КъэщІагъуейщ апхуэдэ Іуэхущ1апІэм адэкІэ и щхьэ къриКІуэнри, абы нобэ халъхьэ мылькур пщэдей дэнэ къыщыщІидзынуми. Зи гугъу тщІы зэхъуэкІыныгъэщІэхэм лъабжьи щхьэусыгъуи ямыІэу къызолъытэ, абы щхьэкІэ лейуэ уПейтейкІэ, зыгурэрэр пщІэну ухущІэкъукІэ мыхьэнэ иІэнукъым. СызэреплъымкІэ, мы Іуэхур зэхэгъэкІыныр къызыпэщІылъыр УФ-м и Къэрал Думэм и зи чэзу зэхуэсыгъэрщ».

***УФ-м и Жылагъуэ палатэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.***

# УнафэщІхэми йотхьэкъу

**Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыІэм 2015 гъэм мазаем и 10-м къиІэтащ Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ щыналъэмкІэ и къудамэм жылагъуэ хабзэр къыщымыжмкІэ полицэм и унафэщІым и къуэдзэм теухуа уголовнэ Іуэху.**

ПОЛИЦЭМ и майорым шэч хуащІыр Урысей Федерацэм и УК-м и 286-нэ статьям къыщІыгъэлъэгъуа щІэпхъаджагъэр илэжьауэ.

Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министру КъБР-м щыІэм и унафэкІэ къэпщытэныгъэ ирагъэкІуэкІащ икІи абы къриКІуаэм ипкъ иткІэ полицейр лэжьапІэм ІуагъэкІащ. Ар зи нэІэм щІэта унафэщІхэми зэретхьэкъунум и унафи щыІэщ.

***Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.***

# Хабзэр къызэпауд

**Хабзэм къемыдзэгъ сату щ1апІэхэр зэхуэщІыным теухуа лэжьыгъэм пещэ Налшык къалэ администрацэм. Апхуэдэхэм нэхъыбэрэ ущрохьэлІэ гъэзугбгъуэхэр хадэхэкІ зыщІэхэм я бэзэр щыкІуэхэмрэ.**

ИУЖЬРЕЙ мазищым хабзэр къызэпызыудахэм я бжыгъэр 200-м щхьэдэхащ. Потребительскэ рынокымкІэ управленэм и къэпщытакІуэхэр щыІу 30-м етхьэкъуащ, мызэ-мытІэу хабзэм зэребэкъуам къыхэкІыу. Мы зэманым абыхэм къащІыхэхъуэр гурыІуэгъуэщ: хадэхэкІхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ я чэзуц, уней хадэ зиІэхэм базэрыпщІэ ят нэхърэ, къаздыхуэзэм щетІысэхмэ нэхъ къащтэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

Зеикъуэ (Хьэтіохъущыкъуей Ипщэ) къуажэм щохьэщІэ «Огонёк» журналым и лэжьакІуэхэр. *1936 гъэ*

● Жыжьэ - гъунэгъу

# Щіалэгъуэ

## БИТОКЪУ Алим:

# Щыхурщ псом нэхъапэр

● Ди псэлъэгъухэр

**Щіыху гъащіэм узыншагъэр щылъэрытетыным телажьэ, гуГэфІкэр уэзыгъэщІ дохутыр ныбжьыщІэхэм ящыщщ невролог. Налшык дэт къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м и лэжьакІуэ Битокъу Алим.**

- Илъэс 14-м ситу дохутыр сыззэрихъунур сыубзыхуэ щхьэжкІэ, а Іэщіагъэм хэлъ гугъуехьхэр, шэч хэмылъу, сэ къызэгурыІуэзэ-тэкъым, - жеІэ Алим. - Биологиемрэ химиемрэ фІыуэ къызэхъулІэрти, аращ нэхъыбэу сыщІыстегушхуар. ЭщІагъэм сыхуеджэху нэхъ сыдихьэхьырт. Дыщеджэ зэманым невролог-гиер математикэ нэхъыщхьэм хуагъадзу, медицинэм абы нэхъ гугъу хэмыту жаІэрти, ар зГъэуэнэхуну кьыхэсхащ. ІэнатІэм сыпэрыува нэужь, сызыхуэмыихьэзыр гуэрхэм срихьэлІэу си лэжьыгъэм сригъэкІуэтауэ схужьІэнукъым. Лъынтхуэм епха неврологиещ сызэлэжьыр, инсулт кьызэуэлІахэр псом япэ зрашалІэр ди дежщ. ЗэрыфщІощи, 2015 гъэр гу-лъынтхуэ узыфэхэм ебэныным я илъэсу щытащ.

**- А узыфэр кьызэуалІэхэр нэхъ мащІэ хъунымкІэ сытхэр фхуэзфІэкІа?**

- ТхуэзэфІэкІа щыІэкъым, щІэх тхуэзфэкІынуи си фІэщ хъуркъым. Ар дохутырэр зыпэщІэтыфыну гуэркъым. Пэжщ, дэ сымаджэр кьызэфІэдгъэувэжынуц, ауэ цІыхур и щхьэ кІэлъымыплъыжмэ, узым къытригъэзэжынущ. Лъыр зэрыдзэуейм, ишхым, ирифым кІэлъымыплъэращ псом япэу инсулт кьызэлІэр. ЦІыхум и узыншагъэр зэлъытар дохутырыракъым, ар щхьэж и къулеигъэщ е и тхьэмыщкІагъэщ. УзынШэу дохутырым деж кІуэ щыІэкъым. Ябынькъуэхэм къащохьу дохутырым а ІэщІагъэр къыщыхихакІэ, абы сыт хуэдэ сымаджэри игъэхъужьфу щытын хуейуэ. ЦІыхухэм дохутырхэм зыщІамыгъакъуэмэ, жиІэр ямыгъэзэщІэмэ, абы и къарур псыхэкІуадэ мэхъу. Мис ахэр цІыхухэм я деж нэтхъэсын ди мураду псалъэмакъэр ядегъэкІуэкІащ. Дыщогучъ дызэхахауэ.

**- И Іэзагъэкіэ, цІыхугъэкІэ удихьэхыу, ещхь ухъумэ пфІэкъабылу медицинэм гъуазэ ущиІэ?**

- Дохутырыр зэрыщытын хуейм и щапхъэ нэс схуэхъуу цІыху зыбжанэ сиІэщ. Апхуэдэщ Налшык дэт сабий поликлиникэ №1-м и дохутыр нэхъыщхьэу лэжьа Зелинская Еленэ. СыцІыкІуу Москва дыщыІэу дохутыр Іэзэ, цІыху гъэщІагъэуэн гуэр кьызэплъауэ щытащ. И цІэрэ сщІэжьыркъым абы, ауэ и Іэзагъымрэ и цІыху бгъэдыхьэкІэмрэ зэи сщыгъупщжыну си фІэщ хъуркъым, - медицинэр фІыуэ сэзыгъэлъэгъуэхэм ящыщщ а бзылъхугъэр. Къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м неврологиемкІэ и къудамэм и унафэщІ Жылэтэж Іэниуар сыт и лъэныкъуэкІи зыкъысщІигъакъуэу кьызискъуэтщ. Іэхуу иІэр иригъэкІуэтэкІынрэ ущыбгъэдыхьар абы пхузэфІигъэкІынущ. Лэжьыгъэ и пІалъэ фІыкІэ зыщІэ нэхъыжьыфІым и чэнджэщхэм уасэ иІэкъым.

**- Невролог умыхъуамэ, медицинэм нэгъэщІ и сыт хуэдэ унэтІыныгъэ кьыхэпхынт?**

- Сабий дохутыр сыхъуну сехъуапсэу щытащ. ЦІыху балигъым уепсалъэмэ, и лажьэр кьыпхуэщІэнущ, къеузыр кьыбжиІэфынущ, сабийм и Іэхур апхуэдэкъым. Ар куэдкІэ нэхъ гугъущ.

**-СызэрыщыгъуаззмкІэ. Къабэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетыр 2005 гъэм къэбухащ. Абы иужькІэ уи щІэныгъэм дэнэ щыхэбгъэхъуа?**

- Интернатурэр республикэм къыщызэхьижащ, ординатурэр Москва дэт Пироговым и цІэр зезыхьэ кьалэ сымаджэщ №2-м щесхьэкІащ. 2008 гъэм Налшык къэзгъэзэжри, Кардиологие центрым неврологыу сыуващ. ИлъэситІ хъуауэ кьалэ клиникэ сымаджэщ №1-м сыщолажьэ.

**- Уи щІэныгъэм аспирантурэм щыхэбгъэхъуэн мурад уиІэкъэ?**

- Абыи сегупсысащ, ауэ аспирантурэм сыщедджаным нэхърэ си лэжьыгъэм нэхъыбэу сыдекъэхъри, ар зэкІэ иужь кьызонэ. СызэрелъымкІэ, щІэныгъэ лэжьыгъэ стхыуэ сыщыс нэхърэ, зы цІыхум сыдэІэпыкъумэ нэхъ сэбэпу кьысщохьу. ЦІыхуращ нэхъыщхьэр. Инсультыр зэуэлІа цІыхум и Іэпкъ-лъэпкъыр зэщІэІуІа мэхъу. Ар ГъащІэм лъэбакъуэ зырызурэ хохьэж, сымаджэм узэрегугъум, абы епхьалІэ къарум куэд иІыгъщ. Си дежкІэ ахэр тхылъымпІэ напэхэм нэхъ-рэ куэдкІэ нэхъ лъапІэщ.

**- Алим, уи мурадхэм утеэгъэпсэлъыхьынут.**

- Си хъуэпсапІэ нэхъыщхьэр цІыху згъэхъужу сылэжьэнырати, кьызэхъулІащ. А ІэнатІэм къулыкъу щысэсхьэну, унафэщІ сыщыхъуну сыщІэхъуэпсыркъым. Дохутырыр сымаджэхэращ зыхэтын хуейр.

*Епсэлъар*

**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

● Хабзэм щыщщ

# Лъыхъу

**ГуфІэгъуэ гуэрым щызэрылъэгъуа, щызэрыщІыхуа ныбжьыщІитІыр зэдэгушыІэурэ ягу зэрихьамэ, хъыджэбзым щІалэм къыхуищІа лъагъуныгъэр и фІэщ хъуарэ а щІалэм Іэужь ириту, иужьыІуэкІэ Іэджэрэ игъэунэхужамэ, и хэдэным жриІэрт: фи дежкІэ къысщІэгъэупщІэ. Абы къикІыр гурыІуэгъэти, щІалэм и ныбжьэгъу, и дзыхь псори зригъэзэлр иІуэхурт и адэ-анэм я деж. Ныбжьэгъур мыхъуми, щІалэм и адэ-анэм деж кІуэнкІи хъунут яшауэ шыпхъу нэхъыжь иІэмэ, абы и щхьэгъусэр, и щыкъу анэмрэ адэмрэ зэратехьэрэ куэд щІамэ. Апхуэдэу Іуэхур ежьэрт.**

ЩІАЛЭМ къыхихар и адэ-анэм, лъэпкъым ягу ирихьамэ, хъыджэбзыр кьызыхэкІахэр фІыуэ яцІыхурэ благъэ тхуэхъунуц, дыкъадзмэ, жаІэмэ, абы щыгъуэт лъыхъу щагъакІуэр. КьинэмыщІауэ, мыпхуэдэуи хъункІэ хъунут: лъэпкъыр, хъыджэбзыр гурыхь ящыхъуамэ, зэрызельафэ куэд дыхэтынкъым, езыхэр зэгурыІуамэ, кърыреши кьыщІрегъэтІысхьэ, жаІэу. Апхуэдэ жэуапыр хъыджэбзым щхьэлъахъшагъэу илъытэнкІэ хъунут. Абы щыгъуэ зыгуэрым дичыхьи хуейуэ арати, е щІалэм и лъэныкъуэр абы лъыхъуртэ, фызышэу къашэрт, е хъыджэбзым и адэ-анэм яриІуэкІырт (ари и ныбжьэгъу, и нысэ, и анэшыпхъу хуэдэкІэ) лІы зэрыдзэкІуэри - «КІуэсэрт». ИтІанэ щІалэм и лъэныкъуэу лІитІ хуэдэ хъыджэбзым я деж кІуэхэрт: фи пхъум щхьэкІэ фымыгузавэ, ар ди дежщІэщ, жаІэрти.

Лъыхъуу, фызышэу къашэну зэгурыІуахэмэ, абы хыхьэ хабзэт щІалэм и анэдэлъху лІы курыт, езы лъэпкъым, щІалэм и адэм и Іыхьлыуэ лІитІ хуэдиз. Лъыхъум бзылъхугъэ кІуэртэкъым.

Хъыджэбзри щІалэри зы къуажэ дэсу, зэрыщІыхуу, зэрызэдэгушыІэр псоми ящІэу щытамэ, дауи, лъэпкъитІым я дежкІэ абы щэху хэлътэкъым. Абы кьыхэкІыу хъыджэбзым кьызэрыщІэупщІэр, лъыхъу зэриІэр и Іыхьлыхэм нэхъ пасэу кьащІэрт. Уеблэмэ къуажэ щхьэхуэ зырызу щытми, апхуэдэр хъыджэбзым и лъэныкъуэм я деж нэмысу кьаназтэкъым. Ар хъыджэбзым и адэ-анэм зыгуэрым ирырегъэІуэкІырт е щІалэм и ныбжьэгъу, и благъэ хуэдэ а жьлэм дэсмэ, абы щыхухэм яхигъэІуэрт.

Апхуэдэу щымытыхэмэ, лъыхъур (псэлъыхъухэр) адыгэхэм дежкІэ зэи къэщІыхугъуейтэкъым. ЗэрыхабзэмкІэ, ахэр хъыджэбзым и адэ-анэм я пщІантІэм дыхьэр епсыхамэ, шыхэр шыфІэдзапІэм фІадзэ щхьэкІэ, е унэмкІэ, е хьэщІэщымкІэ облагъэртэкъым, атІэ унагъуэм я пхъэкъутапІэм, уэшх кьеьш нэужькІэ, гъущапІэ гуэр деж щызэхэвэрт. Абы гу лъызыта хэгъэрейхэм, дауи, кьагурыІуэрт я хъыджэбзым и лъыхъухэр кьызэрыкІуар.

Абдежым хъыджэбзым и адэ къуэш, е абы я гъунэгъу лІы, е балигъ хъуауэ хъыджэбзым и дэлъху щыІэмэ, хъэщІэхэм яхьыхьэрти фІэхъус ярихьырт, мыдрейхэм я нэхъыжьым фІэхъус-сэпламым жэуап кьритыр-ти, кьыІухьам и Іэр иубыдырт, и узыншагъэм щІэупщІауэрэ. Абы иужькІэ хъэщІэхэр иригъэблагъэрт, икІи мыбы щыгъуэ псалъэмакъ зэхэубла хуэар имыгъэужьыхьыжу лъыхъухэм я нэхъыжьым жиІэрт, лъэпкъым ядэу щытмэ, облэгъэну икІи благъэу кьызэрыкІуахэр. Абы иужькІэ хъэщІэхэр пщІантІэм дэту кьызэхинэрти, езыгъэблэгъэну къыщІэкІам игъэзэжьырт, унэм нэхъыжь щІэсщ, хъыбар езгъэщІэнщ, жиІэрти.

Ялэ кІуэгъуэм лъыхъум жэуапу къратынур езыхэми ящІэрт: лъэпкъыр дызэчэнджэщжынщ, мыпхуэдэ махуэм фыкъытлъыгъуаззэ. А пІалъэр къэсамэ, аргуэру псоми кьыщІидзэжьырт - дызэригугъуаэ хъуакъым, ди нэхъыжь екьуэу къэтщ, абы жиІэнур тщІэркъым, фыхуей нэужьмэ мыпхуэдэ зэманым зэ къытебгъэззэж. Апхуэдэу ещанэу зыкІэлъагъэкІуа иужькІэ, хъыджэбзым кьыщІэупщІэжэр ягу ирихьу, благъагъэкІэ зэуэзэпІэныр яфІэкъабылмэ, бысымхэм (иджы ахэр лІищ плІыи хъункІэ хъунут) хъэщІэхэр ирагъэблагъэрти, Іэнэ кьыхуащтэрт, замыІэтыщэу. Ауэ зыгуэркІэ благъагъэкІэ къамыщтэмэ, еблагъэри хэмыту аргуэру щхьэусыгъуэ гуэр ящІырти жаІэрт: «Иджы фыкъыщытлъыгъуэзэнум щхьэкІэ фымыгузавэ. Дэ ныфхуэтІуэхунщ, фи Іуэху фІы ирикІыу». Абы къикІырт: фыдогъэщІэхъури ди Іуэху кьызэвмыхуэ.

Мыпхуэдэ жэуапхэм нэмыщІауэ нэгъуэщІ зыи щыІэт: дывмыгъэпІащІэ, хабзэ гуэркэр щыІэщ. Ари гурыІуэгъуэт: фыкъытщІэупщІэр хъарэынэщ, благъэ фытхуэхъуну фызэрыхуейри къыдгурыІуащ, ауэ ди пхъур зыхэфІыкІын, зыхэпсэукІынкІэ фи Іуэхур дауэ щыт? Мыр кьыщыхъур хъыджэбзым и Іуэхункъуэмрэ щІалэм и Іэныкъуэмрэ зыкІи щызэрымыщІэм и дежт. Абы щыгъуэми гурыІуэгъуэт: хъыджэбзым и лъэныкъуэр унаплъэ кІуэнущи кьызэрагъэтынур, я цІэ, я гъэщІэ жаІэрти лъыхъухэр дэкІыжьырт. Мыбдеж лъэныкъуитІми ягъэтэмэыртэкъым унаплъэ щыкІуэну зэманыр. Уеблэмэ, хъыджэбзым и унагъуэм я гъунэгъухэми жылэдэсхэми щабзыщІыну хэтт, ауэ бзылъхугъэ зэрыс унагъуэхэм ар куэдрэ щыхъума хъуртэкъым.

**МАФІЭДЗ Сэрэбий.**

*«Адыгэ хабзэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

● Цыхухшхуэхэм я гупсысэхэр

## ЩІыхьыншэм къулыкъу хуэфащэкъым

ГурыфІыгъуэ псоми я щхьэр - нэгъуэщІым гурыфІыгъуэептынырщ.

**БУАСТ Пьер.**

Ди зэманым философием профессор ирохъу, философ нэс диІэкъым жумыІэмэ.

**ТОРО Генри.**

ЦІыхухэм къагурыІуэращ зэхахыр.

**ГЁТЕ Иоганн.**

Бжэмышхым ерыскъым и Іэфіыр кьызэрыхуэмыщІэнум ещхьу, делэр губзыгъэм бгъурыткІэ губзыгъэ хъунукъым.

**БУДДЭ.**

Пэжщ, сэ гугъу сохь, ауэ абы къикІыркъым нэгъуэщІхэри гугъу езгъэхьын хуейуэ.

**ЭСХИЛ.**

Делэм Іэщэ ептри, щІыхьыншэм къулыкъу ІэщІэплъхьэри зэхуэдэщ.

**ПИФАГОР.**

ЦІыху насыпыфІэр сыт щыгъуи дахэщ, ауэ дахэ псори насыпыфІэ хъуркъым.

**УАЙЛЬД Оскар.**

УзымыукІ псоми нэхъ къарууфІэ уащІ.

**НИЦШЕ Фридрих.**

Дахагъэр къызыхуэлъагъу дэтхэнэри жьыгъэм пэІещІэщ.

**КАФКЭ Франц.**

● Гъуэгу къежьапІэ

## Елгъэр Камиллэ адыгэ фащэр йокІу

**Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуауэ Саратов къалэм къыщыунэхуа «вагъуэ цІыкІу» Елгъэр Камиллэ илъэсибгъу хъууэ араща. Илъэситі ипэкІэ и адэ-анэм я гъусэу а щІыпІэм Іэпхъуэ пщащэр и зэфІэкІхэмкІэ щыналъэм щІэрыІуэ щыхъуащ. Камиллэ къафэм макІуэ, сурэт щІыным дехьэх, уэрэд жьІэным зыхуеГасэ, еджэнымкІи пэрытщ.**

НЭГЪАБЭ Саратов щрагъэкІуэкІа «Минута славы» зэпеуэм хъыджэбз цІыкІум бжьыпэр щиубыдащ. Мы гъэм щІыналъэм щызэхаша «Принцесса губернии» тхьэІухуд зэпеуэм и вице-мисс етІуанэ хъури, епльаэхэм ягу зэрырихьам и саугъэтри хуагъэфэщащ. Пщащэр адыгэ фащэкІэ хуэпауэ утыкум кьихьэри, Бесльэней Ренатэ анэм теухуауэ зэхилъхьа уэрэдыр жиІащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ куэд хэтащ зэпеуэм кьыхэжаныкІахэр къыщыхах ІэІэтым. Пщащэ цІыкІур ягъэгушхуэн папщІэ, Камиллэ и адэшхуэ-анэшхуэхэу Елгъэрхэ Алексейрэ Светланэрэ, Псэныкъуэхэ Еленэ сымэ кІуэри, абы епльащ.

Камиллэ и егъэджакІуэхэу Сергиенкэ Наталиерэ Исаевэ Верэрэ зэрыжаІэмкІэ, Елгъэрыр зэпеуэ куэдым зэрыхэтыр и еджэныгъэм зэран хуэхъуркъым.

«Miss Planeta-2015» зэпеуэм ещанэ вице-мисс щыхъуа Шароновэ Наталье и продюсер Іуэхущ Іапіэм зыщегъаезэ Камиллэ. Абы и екъуІэныгъэхэм зригъэщІагъэркъым, тепсэлъыхьыни фІэфІкъым, зэрыжиІэмкІэ, дохутыру еджэну щІохьэпс. Ауэ щыхъуКи, текІуэныгъэщІэхэр иІэщ. Иджыблагъэ зыхэта «Звезда подиума» зэпеуэм «Мисс изысканность» цІэр къыщыхуагъэфащэри, «Принцесса городского парка»-м ирагъэблагъащ. Абы иужькІэ зэхаша «Шоу талантов» зэхьэзэхуэми къыщыхэжаныкІащ ди лъэпкъэгъур: къэпщытакІуэхэм зэдзарэзыуэ пщащэм ещанэ увыпІэр хуагъэфэщащ.

Камиллэ и дэлъху нэхъыщІэ Къаплъэн щыкІу кьызэрымыкІуэу фІыуэ ельаГу, дэнэ кІуэми здешэ. Здэлъхъузэшыпхъур зыхэта Пльэпкъ фестивалым Кавказым исхэм я хабзэмрэ псэукІэмрэ щытепсэлъыхьри я унэ ираха джэд лыбжьэмрэ пІастэмрэ кьызэхуэсхэм гурыхь ящыхъуу ирагъэшхащ.

Елгъэр Камиллэ екІуле бостей дахэкэр хуэзыдыр и анэшхуэм и шыпхъу Псэныкъуэ Майвещ. Иджыпсту абы хъыджэбзым хуегъэхьэзыр жэпэгъуэ маэзм Саратов областым лъэпкъ щыгъынхэмкІэ щекІуэкІыну зэпеуэм зэрыхэтыну адыгэ фащэр.

**ИНЭРОКЪУЭ Гуащэ.**

● Гъуаздж

**Ди лъэпкъэгъу пщащэ, киноактрисэ Жэман Аминэ триха фильмыщІэм, роль нэхъыщхьэр щигъэзащІэм и мызакъуэу, и сценаристщ икІи и режиссёрщ. Дакъикъэ 14-кІэ екІуэкІ «Человек кино» фильмыр Манхэттен (Нью-Йорк, США) щытрахащ, Голливудым и актёрхэри хэту. Абы и продюсерщ « Oriental Pearl» кинокомпаниеми и унафэщІ Бэлэтокъуэ Маринэ. ФильмыщІэр мы гъэмахуэм Москва щагъэлъэгъуэнущ.**

● Интернетым дыкъыщоджэ

# Делэ

И анэм бгъурыту уэрамым ирикІуэ щІалэ сырыху цІыкІум бзылъхугъэм и Іэр иубыдыну щыІэбэкІэ, мыдрейм:

- Гъуэгу мыгъуэм емыжьэн, щхьэ укъыщщыхьа. Зэран ухуну укъалъхуам яреи, - жиІэурэ сабийм и Іэр Іуидзыжьт.

- Мамэ, мамэ, дгъэззэжмэ, пкІауэм и псысэр кьыжеІэжьн?

- Ешуей, сыту сабий тхьэмыщкІэ, - жаІэрт ар зыльагъэхуэм, - делэ щІыкІу мыгъуэ, ищІэркъым и анэм Сабий унэм хыфІидзэну зэришэр...

ЩІалэ щІыкІур кьыдэкІуэтея иужь и анэм кІэлъыкІуэн, Іэмал зэриІэкІэ абы зэман нэхъыбэ хухихьн щІидзат. Куэдрэ къэхурт ар жьражьэу ефауэ кьыщигъэтыж, дохутырыр кьыхуриджэуэр, езым и Іэр имыутІыпщу, нэхъыфІ хъужьжьыу щыбгъэдзэ.

- Дыбгъэунэхъужьырти, си анэ дыщэ. Зыкъэгъэшэ, ты тІэкІунитІэ зыхуэгъэшэчи пщыхэщыкІынкъэ ари, - жриІэрт.

- Зыгуэр и лажьэщ, делэ дыдзащ ар. И щхьэ пщІэ лъэпкъ хуищІыжьыркъым. И анэм, хъэпшырым хуэдэу, хыфІидзащи, езыр абы тегужьеикІауэ щхьэщыщ, - жаІэрт ар кьызэгурымыІуэхэм.

ЕджапІэр ехъулІэныгъэкІэ кьэзыуха щІалэм лжьапІэфІ куэд кьыхуагъэлъэгъуа щхьэкІэ, езым школыр кьыхихащ.

- ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта щхьэкІэ, нэхъ губзыгъэ хъуакъым. Делэщ ар, - яухыртэкъым щІыхуэхэм хъущІэн.

И анэр лІа иужькІи щІалэм абы и сыныр ибгынэрэтэкъым, кьабзэу зэрихьэрт, удз гъэгъа трилъхьэ зэпытт. Кьабгъурыт унэм щІэс хъыджэбзыр куэд мыщІэу щІалэм кьишащ.

- Делэ мыгъуэ, - жаІэрт иджыри щІыхухэм, - мор зи щІалэ кьабзагъым а Іуплъэгъуейм фІэкІа игъуэтакъэ, абы щыгъуэми шхужьыгъэ хъужауэ.

Абыхэм дэнэ кьащыгурыІуэнт нэхъыщхьэр нэм илъагъур зэрыармырар. Зэщхьэгъусэхэм я псэр зы чысэм илъу, жьыхуаІэм хуэдэу псэурт, ауэ Іуэхуракъэ, сабий яІэтэкъым.

Махуэ гуэрым гъунэгъуэхэм ялъэгъуащ зэщхьэгъусэхэм Сабий унэм кьыІахуэ щІыкІуитІ ящІыгъуу кьыдыхьэжу.

- Делэу кьалъхуар губзыгъэ пхуэщынкъым, - жаІэрт иджыри щІыхухэм. - И щхьэгъусэр ириГэкІыжу нэгъуэщІ кьишэ хъунукъэ? Ар нэхъыфІмэ, хамэ сабий ирыраПІ иджы.

Ауэ а псалъэмакъэр зыкІи къафІэІуэхутэкъым унагъуэ насыпыфІэм.

Ильэсхэр кІуэрт сабийхэр ин хъури, щхьэж и унагъуэ зэригъэпэщыжат. Зы махуи дэкІыртэкъым абыхэм ящыщ и адэ-анэм деж къэмыкІуэу.

ЩІымахуэ пщэдджьыжьпэу, лІым псы Іуфэм къыщикІухьу, щІыху гупым зыгуэр къаухъуреихьауэ ильэгъуащ. Ахэр кІэлъыплъырт мылым техьэу гъыхуэ хьэр зэритхьэлэм. Хьэр дэІэпыкъуэгъу лъыхъуэ щхьэкІэ, тегушхуэн къахэкІыртэкъым гупым. ЛІым и закъуэщ псэущхьэр фІэгъэныхь хъууэ зыкІэлъызыдзар.

ЛІыр зыщІыхуу щытахэр щІэмычэу тепсэлъыхьырт ищІам:

- Делэ! Кьызэремылынур имыщІэу арат псы мылым щыхэпкІэм. Делэу псэуащ, делэу лІэжащ.

... ДУНЕЙМ ехьжа лІыр жэнэт бжэІупэм щызэхэтхэм япыеващ.

- Кьызэроджэр хэт? - щІэупщІащ мелыІыпыр.

- Езы дыдэм ощыгъупщэжащ си цІэр, ауэ си хъуреягъыр ДелэкІэ кьызэджэрт, - жеІэри и щхьэр ирехьэкІ цІыхухъум.

- КІуэцІрыкІ, куэд щІауэ дыноижьэрт, уэ гъащІэ тхылъым уратхащ. Ауэ мы зыри зыщумыгъэгъупщэ, уэ уи цІэр «ЛъагъуныгъэщІ».

*Зэзыдзэкіар*

**ТЭРЧОКЪУЭ Дисэщ.**

**Напэкіуэціыр зыгъэхьэзырар ЩОМАХУЭ Залинэщ.**

● Дызыгъэпlейтей Іуэху

# Олимп хъуэпсапlэхэм дыпагъэкlрэ?

**Зыми и унафэм щlэмыт Допингым пэщlэт дунейпсо агентствэм (ВАДА) и комиссэм блыщхьэ кlуам Торонтэ къалэм (Канадэ) щищlа докладым иджыри зэ наlуэ ищlащ Урысейм и спортсменхэм я нэхъыбэм я екъулlэныгъэшхуэхэр гъэпцlагъэкlэ къызэрахьар.**

МАКЛАРЕН Ричард зи Iэтащхьэ ВАДА-м и комиссэм и лэжьыгъэр нэхъыбэру зыхуэунэтlар 2014 гъэм Сочэ щекlуэкlа щыпмахуэ Олимп джэгухэм щызэрахьа допинг хьэгъэщагъэхэрат. «Допинг» (doping) инджьилъ псалъэм къокl «наркотик зэхьэлlэн» жиlэу, нэхъыбэу къыщыдгъэсэбэпри спортыщ. Апхуэдэу йоджэ цыхум и зэфlэкlыр хэпщlыкlыу хагъэхъуэн папщlэ спортсменхэм хущхьэу зэхэлъ щрахьэлlэм и деж.

Щыщlэныгъэ, зэтемыхуэ куэд хэлъми, Макларен и докладыр лагъым кьуэам хуэдэ хьуащ икlи урысей спортсменхэр дунейпсо зэхьэзэхуэхэм зэман кlыхькlэ къыхагъэкlыныжкlэ щхьэусыгъуэ хьуфынущ. Апхуэдэу яукъуэдиякlащ ВАДА-ми, нэгъуэщl спорт зэгухьэныгъэ зыбжанэмэ. Абы къокl тхьэмахуитl дэкlмэ, Бразилием и Рио-де-Жанейрэ щыlэну гъэмахуэ Олимп джэгухэми Урысей Федерацэм и спортсменхэр хэмытыну. А гурыщхьэр нэхъри щlигъэбыдэжащ Дунейпсо Олимп Комитетым (МОК) и Iэтащхьэ Бах Томас. Икlэщыпlэкlэ абы зэхуишэсащ гъэззэщlакlуэ гупым и зэлъщlэр. Зытепсэлъыхьынур, дауи, ВАДА-м и комиссэм и докладым къыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэм яхуэфащэн унафэ ятещlыхьынырщ.

Илъэсым нэблэгъащ урысей спортсменхэм зыубгъуауэ допинг кьызэрагъэсэбэпым теухуа псалъэмакъыр кьызэрежьэрэ. Япэщlыкlэ Степанов зэщхьэгъуэсэм (зыр тренерщ, адрейр спортменкэщ) Германием щытрагъэха фильмым щыжаlащ ди кьэралым и спортсменхэм я екъулlэныгъэхэм я лъабжьэр допинг зэрызэрахьэлlэрауэ. Ар щlигъэбыдэжащ Допингр Іуэхугъуэхэр кьыщlэгъэщынымкlэ Мэзкуу лабораторэм и унафэщl Родченков Григорий. Щlымахуэ кlуам ар США-м кlуэсащ икlи езыр я пашэу зэрахьа Іуэхугъуэхэр кьанэ щымыlэу дунейпсо утыку кьрихьащ. Абы фlэкlыпlэншэу наlуэ ищlащ допинг-пробэхэр яхъуэжу, къыщlагъащ ащхьэ щlэх-щlэхыурэ щхьэпэу зэрыщытар... урысей спортым и Іэтащхьэхэм я унафэкlэ. А псори иджы пхуэбгъащlыжьынутэкъым.

Зыми и унафэм щlэмыт (пэжу пlэрэ?) Макларен зи пашэ ВАДА-м и комиссэм и кьалэныр игъэзэщlащ. Абы кьыщlигъэщащ спортсменхэм Урысейм допинг зэрызыщрахьэлlэм егъэлеяуэ зэрызэрирубгъуар. Адэкlэ нэгъуэщlхэр Іуэхум кьыхьыхащ. Докладым кьеджэн яухри, дакъыкъэ зыбжанэ дэкlаеуэ арат ВАДА-м официальнэу тхыгъэ щыгъэбгрыкъэхэм Рио-де-Жанейрэ щыlэну Олимпиадэм кьыхэгъэкlын хуейуэ. МОК-м и президент Бах Томас ар напlэзыпlэм диныгъащ.

Мы Іуэхум нэхъ набдзэгубдзаплъэу бгъэдыхьэну, лажьэ зимыlэ спортсменхэм лей кьытрамыгъэхьэну кьыхуриджэу дунейпсо спорт зэгухьэныгъэхэм захуигъэзащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир. Макларен и докладым кьыщыгъэлъэгъуа кьулыкъущlэ зыбжанэми абы и унафэкlэ я кьалэнхэр щхьэщахуэ.

Арщхьэкlэ аркъудейхэмкlэ мы зэрыхьэрийр пхуэгъэсэбыркlынукъым. Іэлъщlыкъ зэрыхъуамкlэ, допинг зэрахьэлlауэ кьыззэрыщlащар щlэхъуэмэныжкlэ Урысейм кьэрал программэ (?!) зэрыщыззохалъхьэрэ блэкlа илъэситхум кьурибыдэу щlэуфащ спортсмен 421-рэ, спорт лlэужьыгъуэ 20-рэ дунейпсо федерацэ 18-рэ кьызэщlаубыдэу. Абы уфlэкlыфынукъым. Нэрылъагъущ Урысейм и спортсменхэм я нэхъыбэм допинг зэрызрахьэлlэр. Нэхъ Іеижращи, ахэр кьэрал кьулыкъу лъагэхэр зыныгъэм щlахьумэ. ВАДА-ри, МОК-ри, адрей спорт Іэнатlэхэри а псом фlэкlыфынутэкъым. Урысейм кьыхуэнэжыр зигъэжьбзэжьынуращ. Абы папщlэ дунейпсо зэхьэзэхуэ инхэм пlалъэкlэ кьызэрыхагъэкlыными шэч хэлътэкъым. Жагъуэ тщыхъур а Іуэхугъуэр апхуэдизу дызыпэплъа гъэмахуэ Олимп джэгухэм и пэ кьызэрихуарщ. Гугъэ псори щыlэт адыгэ щlалэхэу Махуэ Билал, Джэду Іэниуар, Мудрэн Беслъэн сымэ абы ехъулlэныгъэфlхэр щызыlэрагъэхьэну. Арщхьэкlэ узыхэтым я фэ кьуамыплъынкlэ Іэмал иякъым. Кьыщынэмыщlауэ, хэт кьуанщlэми закуами кьэнэжа тхьэмахуитlым зэрыпхуэзэхмыгъэкlынур гурыlуэгъэщ икlи допинг зрахьэлlауэ ди щlалэхэм зэи гурыщхьэу кьыхуамыщlами, псоми я зэхуэдэ тезырыр яхьын хуейуэ кьахукъуэкlыфынущ.

Дыгъуасэ Женевэ (Швейцарие) щызэхэтащ Дунейпсо Олимп Комитетым и Гъэзэщlакlуэ гупым и зэлъщlэ. Абы щытопсэлъыхьа Урысей Федерацэм и спортсменхэр дызыхуэкlуэ Олимп джэгухэм зэрыхэтыну щыкlэм е зэрыщыту кьызэрыгъэкlынум. Псалъэмакъыр хуабжьу кlыхьлlыхьа хъуащ икlи иужькlэ махуитlщыкlэ зэпагъэуащ. Апхуэдизу щыт пэтми, ди кьэралыр езым и фlэфынныгъэкlэ Олимп джэгухэм мыкlуэным теухуауэ журналистхэр щеупщlым УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий жиlам: «Урысейм Олимпиадэм зыхуеГъэхьэзэну. Дэ дрибийщ олимп зэщlэхъуэбенгъэр зэкъуэудыным икlи зыгуэркlэ зэран хуэхъуным».

Дыпэплъэнщ Іуэхум адэкlэ кърикlуэнум. Арщхьэкlэ иджыпстуи нэрылъагъущ США-мрэ КъухьэпIэмрэ ди къэралым къращlылlа политикэ, экономикэ текъуэзныгъэхэм иджы сопортри кьызэрыхагъэхьар. Абы зыми и фейдэ хэлъу пхужьыIэнукъым, ауэ дэри зыми фlэгъэнапlэ щlедгъэщlын щыlэкъым. Спортым щытекlуэн хуейр нэхъ лъэщхэращ, атlэ я кьарур зыгъэбатэ хущхьэхэр зэзыхьэлlэхэракъым.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

**Гъэмахуэм ирихьэлlэу гъэ къэс Іуэхущlапlэ нэпцlхэр къоунэхури, зыгъэпсэхуакlуэ ягъэкlуэн хуея лыхуэхэм я ахъщэхэр яныгъу зыкlэудэж. «Турдэlэпыкъуэгъу» зэгухьэныгъэм и закъуэ апхуэдэ тхьэусыхафэу зытхух тхьэмахуэм къыlэрохьэ. Ахъшэр судкlэ къатепхыж хьунущ, ауэ турlуэхущlапlэ нэпцlхэм я деж путёвкэ къыщумыщэхумэ нэхъыфlщ. Щlэпхъаращlэхэм зэрызащыфхъымэну мы чэнджэщхэм гулъытэ хуэфщIыну фыкъыхудоджэ.**

ТУРЫР къыщыфщэхуну Іуэхущlапlэм и лэжьакlэм япэщlыкlэ зыхэвгъэгъуаэз. Абы теухуа тхыгъэхэм Интернетым фыкъыщеджэ, фи цlыхугъэхэм я деж фыщыщlэупщlэ. Ильэс бжыгъэ зыбжанэ хъуауэ лажьэ турфирмэхэр кьыхэфхмэ, фыщыуэнукъым.

Іуэхущlапlэм телефонкlэ фыпсалъэ: Іэщlагъэлъэпlэм и псэлъэкlэмкlэ ар зыхуэдэр кьыфхуэщlэнущ. Турым и уасэм, и щытыкlэм, гъэгум теуха у ищlэхэм я жэуап абы кьывимытыфмэ, зыпымыщlэ. Жэуаплыныгъэ зыхэлъ турфирмэхэм зи Іэщlагъэм хуэIэижь лэжьакlуэщ яIэр.

Урысей туризмэм и сайтым зыщыхэвгъэщу 21-м щытекlуащ, зы етIуанэ увыпlэрэ, ещанэу тIурэ иубыдащ.

Шы цlэрыIуэм и зи чэзу саугъэтыр къэхъыным щlэбэнащ илъэсищ зи ныбжь хакlуэхэр. Метр 2000 гъэугуаизм къуэдж хуамыгъэфэщащуэ ялъу къэсащ Дымэным и гъэхъуи Чилиндер. Абы къызэринэкlащ гугъэшхуэхэр уззыгъэщlа Налшык хьэлвэ заводым и гъэхъун Сонар Прадо. Шыр текlуэныгъэм хуишащ мастер-шууей Хьэмызэ Къазбэч.

Гугъэхэр игъэпэжакъым Сонар Прадо и гъусэу ягъэхьу Херувим. Ингуш Республикэм и шыхъуэхэм я цlэкlэ ягъэува саугъэтыр къэхьыным хухэха къызэдэжэм и кlэухым абы къеДIэкlащ Тунгоевым и гъэхъун Анзас Плац. Шым тесащ мастер-шууей Пщыкl Амир.

Адэкlэ и чэзур къэблэгъат шыгъажэ махуэм и зэхьэзэхуэ нэхъыщхьэм. ОКС саугъэтым метр 2400-м щыщlэбэнащ илъэсищ зи ныбжь шыбзэкр. А саугъэтыр ялъэ дыдэу 1779 гъэм Дерби лордым игъэувауэ щытащ. ФIэщыгъэщIэр кьызэтехъуэкlар а лъэпкъым я унапlэхэм ящыщ зырщ.

Шыгъажэм дихьэхэр хуабжьу тегузэвыхьыт саугъэтыр республикэм ирашыну. Зэпеуэм хэтыну шы 12-м ящыщу текlуэныгъэр кьихьыну нэхъ хуагъэфащэрт Ашувеым и гъэхъун Халимэ Лав. Налшык щекlуэкlыу зыхэта кьызэдэжьиплъм ящыщу щым ар щытекlуат, Аналогичный саугъэтри яхэту. Грей Шарк шыр ебгъуанэу зэхьэзэхуэхэм хэтт. Абы и ехъулlэныгъэ нэхъ инхэм ящыщт Кубань псым и саугъэтым етIуанэ зэрыщlэрыдамрэ Аналогичный саугъэтым ещанэу кьызэрыщыщысамрэ. Дэтхэнэ зы шыбзми и кьэжэгъуэ нэхъ лъапlэ дыдэм АфIэунэм и гъэхъун Грей Шарк фIы дыдэу хуагъэхьэзырат Сыжажэхэ зэадзэзэкъуэхэу тренерымрэ шууеймрэ. Ди гуапэ зэрызыгъащ, саугъэт нэхъыщхьэр абы зыIэщlыгъакlэкъым. Метр 2400-м секундитIым щIигъкlэ Грей Шарк кьыщыззринэкlащ Каппушев Магомет зытеса Халимэ Лав. ЕплIанэ, етхуанэ увыпIэхэр яубыдащ Сэкрэкъэ я заводым щагъэхъу Биргитрэ Уолл Стритрэ. Ещанэу кьэсащ «Малкинский» заводым щыщ Камилэ.

ИльэситI хуэхэм я кьыздэжьым метр 1400 гъэугуанэр ялъэ кьызэпичащ шы пцlэгъэупlъ Бен Джонсон. Ар щагъэхъу «Малкинский» заводым. Шы нэхъыжьхэм я зэпеуэм Гранитэ-2 саугъэтыр метр 1600-м кьыщыихьащ Абсолют шы цыплъым.

Шыгъажэ махуэр иризэхуащlыжащ ветеранхэм я кьызэдэжьмкlэ. Метр 2400-м ахэр щыщlэбэнащ Шууей клубым и саугъэтым. Абы пашэ щыхъуащ Кьудейхэ яш, мастер-шууей Каппушевыр зытеса Скай Арч.

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# Саугъэт нэхъыщхьэр ди республикэм къонэж

● Шыгъажэ

**2005 гъэм кьыщыщlэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и шыхъуэхэм зэзщlагъэкlыркъым илъэсищ зи ныбжь шыбзэкр я деж щагъэджэгу ОСК саугъэтышхуэр. Мы гъэми а хабзэр къызэпыуда хъуакъым.**

КАВКАЗ Ищхъэрэ, Ипщэ федеральнэ щlынальхъэм щыlэ «Урысейм и ипподромхэр» акционер зэгухьэныгъэм и унафэщl Щоджэн Хьэчим, абы и кьуэдзэ Уэрыш Залым, Налшык и ипподромым и лэжьакlуэ росми яхуэзэфlэкlэ халъхьащ зи чэзу шыгъажэ махуэр зыхуэй хуэгъэзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьалащхьэм щекlуэкlын папщlэ. Икlи, кьыхэгъэщlипхъащ, ар абыхэм кьэйхъунlащ. Шыгъажэм кlэпъепlъапхэм иджыри куэдрэ ягу илъынущ а махуэм я нэгу щlэкlаэр.

Шыгъажэ махуэм и пэщlэдзэ зэхьэзэхуитIым метр 1200-рэ зи кlыхьагъ гъуэгуанэм кьыщыззэдэжащ илъэситI зи ныбжь шыхэр. Япэм, Бдзэжьеящым и махуэм хухахам, нэхъ жыджэру кьыщыщlэкlащ хакlуэ пцlэгъуэплъ Бетер Южный. Ар кьиргъэжащ етIуанэ категорие зиlэ шууей Шыкъ Астемыр. КъыкIэлъыкlуэ зэныкъуэкъуныгъэр нэхъ гуащlэжт. Абы щыщlэбэнащ Кубань псым и саугъэтым. Кьызэдэжьм хэта шихьм нэхъ псынщlэу кьахэкlащ Сэкрэкъэ я шы заводым щагъэхъу Спэнии Мун. КъыкIэлъыкlуэм ар 1 секундым щIигъкlэ кьыщхьэщыкlащ. Шым тесащ мастер-шууей Къашыргъэ Залым.

Сом мин 500 саугъэт фонду зиlэ кьызэдэжэр решуйтэ хуащlащ адыгэ лъэпкъыщlэ фlыуэ зыльагъу, абы кьызыщlыкlI. 2007 - 2008 гъэхэм «Малкинский» шы заводыр кьэзыгъэщlэрэщlэжахэм яхэта Быф Жэмал. КилометритI гъуэгуанэм кьытехащ илъэсищ нэхърэ нэхъыжь инджылыз-адыгэ лъэпкъышибл. А къэжэгъуэм щlэщыгъуэ кьыщыхьуакъым. Лъэпкъыш кьабзэ Габрэрэ адыгэ шыбз Персиерэ кьатехъукlа Программэ ебланэ къэжэгъуэм ебланэ текlуэныгъэр кьыщихьащ. Ар екъулlэныгъэм хуишащ Шыкъ Астемыр. Къэжэгъуэм и спонсорэу щытащ шы гъэхъуным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщl «Малкинский» шы заводыр.

СССР-м и лъэхъэнэм щыIа шыхэм ящыщу нэхъыфlу кьалъытэ хакlуэ Анилин и саугъэтым адэкlэ щlэбэнащ. «Восход» заводым кьыщалъхуа шыхэм Анилин щытекlуащ гъэ къэжэгъуищым я зэхьэзэхуэ нэхъ ин дыдэхэм. ИльэситI щыхъуам абы кьихьащ ИлъэситIхэм я саугъэтышхуэр, щым - Союзэпсо саугъэтышхуэр, пlым - Будённэм и щlэкlэ ягъуэва саугъэтыр. Кьищынэмыщlауэ, Анилин щэнейрэ Европэм саугъэтхэр щызыlэпригъэхьащ, тIэунейрэ социалист къэралыгъуэхэм я кубокыр кьихьащ, Вашингтон кубокым етIуанэ щыхъуащ. Псори зэхэту Анилин кьыщыжа зэхьэзэхуэ 27-м ящыгъуаэз туроператорэхм зыуэ щыт я федеральнэ реестрым кьыхэфха Іуэхущlапlэм теухуа хьыбар кьыщыхьамэ. Реестрым а Іуэхущlапlэр хэмытмэ, абы лэжьэну хуитыныгъэ иlэкъым икlи, хуэбгъафащэ зэрыхъунымкlэ, ар Іуэхущlапlэ нэпцlщ. Туристым туроператорым ирищlылlа зэгурыIуэныгъэр зэримыгъэззэщlакlэр зэрихьэр зыщымвмыгъэгъупщэ.

ТурIуэхущlапlэхэм я реестрыр къэфпщытэ. Хабзэ зэрыхъуауэ, туристхэм зззэмызэщ операторхэм я деж путёвкэхэр кьыщащэхур. УФ-м и законым илкъ иткlэ, етIанэгъэ щыщlэдзауэ, Іэмал имыIэу турIуэхущlапlэ псори реестрым хагъэхьэну къапэщылъщ. «ТурдэIэпыкъуныгъэ» зэгухьэныгъэм и сайтым кьыщыхьащ туроператорхэм зыгъэпсэхуакlуэ яIуэхи ящlэлэжьэну зэгурыIуэныгъэ зэращlылlа организацэхэр. Мы гъэм щыщlэдзауэ а сайтым кьыщыхьащ езыр-езыру абы зыщезыгъэтха Іуэхущlапlэ минитIым нэблагъэ. Фызывыlэнри хэльщ. «Турбарометр» проектымкlэ уасэхэм факlэльыплъыну Іэмал фиlэщ.

Турист Іуэхутхьэбзэхэм теухуа зэгурыIуэныгъэхэм гупсэхуу феджж. Жэуаплъныгъэ зыхь Іуэхущlапlэхэм псалъэкlэ жаIэр тхьылъымпlэкlэ щlагъэбыдэж.

Насыпырыхь, лотерее джэгухэм фахуэсакъ. Хабзэ зэрыхъуауэ, турфирмэм и лэжьакlуэхэм путёвкэ къэзыщхуэхэм щыжраIэ щыlэщ хьтIыгум тхьэмахуитlкlэ цlыхуитIым зыщагъэпсэхуну я кlэн кьыкlауэ, гъэзгу уасэм и закъуэ ятмэ, зыгъэпсэхуакlуэ ягъакlуэу пщlэнщэу зыхьащlыщым щlагъэсыну. Ауэ а гъэзгу уасэр ику иту ятым нэхърэ куэдкlэ нэхъыбэщ. Апхуэдэ Іуэхущlапlэхэм запумыщlэмэ нэхъыфlщ.

**Гу зылъытапхъэ:** Зыщlэныгъэ щыlэм зыхэфгъэгъуаззэмэ, фи зыгъэпсэхугъуэр къывэхъулlэнущ икlи гукъинэжу я кlэуту.

**ПОГРЕБНЯК Ольгэ.**

● Гу зылъытапхъэ

## Гъэмахуэ зэманым лажьэ школ

**Илъэс 30-кlэ Америкэм щылэжьа егъэджакlуэм инджылызыбзэкlэ хуиту фытхэу, фыкъеджэу икlи фыпсалъэу фригъэсэнущ.**

**Ар ядолажьэ:**

**- зи ныбжьыр илъэси 8 - 15-м ит сабийхэм;**

**- студентхэм, балигъхэм, бизнесменхэм.**

**Курсым зезыгъэтхъэр тхьэмахуэм щэ къекlуэлlэнущ, тхьэмахуэ зэхуакуу 5-кlэ еджэнущ.**

**Инджылыызыбзэ зыджыну хуейхэр 8-967-417-78-85 телефонымкlэ фыпсалъэ хъунущ.**

● Ди сурэт гъэтlылъыгъэхэр

**Адыгэ хьэщlэщым.**
*Сурэтыр* **Лонгворт Джон** *ищlащ. 1838 гъэ*


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**ЖьэкlЭмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, Нэщlэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщl Иэз.**

**Езыгъэтхаэр**
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

Къыдэзыгъэкlэжмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущlапlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; хьыбарыщlэхэмкlэ, спортымрэ письмохэмкlэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм и - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщlэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епlыкlэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхъыныну и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныжкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ Іуэхущlапlэм №Н-0065-м щlэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкlыгъуэм елэжьхэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщкI Соня,** *редактору* **Къумахуэ Асльэн,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.). Компьютеркlэ газетым и тепlэр ящlащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхъэзыращ.**

**Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ●Тираж 3.538 ●Заказ №1014**


● Къалъхьуэ

# Хъыбар гуэр фщIэмэ

Урысей МВД-м и «Бахъсэн» кьудамэм кьелъыхъуэ **Кьудей Толэ Барэсбий и къуэр**, 1940 гъэм кьалъхуар, Бахъсэн районым и ИСльэмей къуажэм и Красноармейскэ уэрамым тет унэ №3-м щыпсэуар. Ар 2016 гъэм гъатхэпэм и 18-м унэм дэкlащ икlи нобэр кьыздэсым и хэщlапlэр ящlэркъым.

**И теплъэр**: илъэс 75-80-рэ ептынущ, см. 160-165 и лъагагъ, къуэгъущ, щхьэщ кlэщlщ тхъуаугъ, нагъуэщ.

**Щыгъар**: гъуэнщэдж фIыщlэ, и лъэгуажьэм ьхэс бэлъто фIыщlэ, милицэ пlыэхабэ сырыкъ, вакъэ фIыщlэ, щым кьыхэщlыкlа пlэпэд хуабэ сырыкъ.

Кьалъхьуэ Кьудей Толэ Барэсбий и кьуэм и хэщlапlэм фыщыгъуазэмэ, ар кьагъэутыжьынымкlэ сэбэп хъун хьыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкlэ: **(86634) 4-11-11, 02** е полицэм и кьудамэ нэхъ фпэгъунэгъум зыхуэзгъэззну.

Урысей МВД-м Налшык кьалэмкlэ и управлением кьелъыхъуэ **Жангуразов Эдуард Борис и къуэр**, 1977 гъэм кьалъхуар, Налшык кьалэ, Хьэсэней и Летняя уэрамым тет №28 «а» унэм щыпсэуар. Ар 2014 гъэм мэкъуаугъуэм и 18-м КъБР-м икIащ икlи 2014 гъэм и фокIадэ лъандэрэ и Іыхьлыхэм ящlэркъым ар здэщlыр.

Жангуразов Эдуард Борис и къуэм и хэщlапlэм фыщыгъуазэмэ, ар кьагъэутыжьынымкlэ сэбэп хъун хьыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкlэ: **(86662) 49-46-02, 74-07-33, 02** е полицэм и кьудамэ нэхъ фпэгъунэгъум зыхуэзгъэззну.



Урысей МВД-м и «Прохладнэ» кьудамэм кьелъыхъуэ **Полуян Кирилл Олег и къуэр**, 1992 гъэм кьалъхуар, Мэзкуу область, Балашихэ кlалэ, Никольско-Архангельскэ хьэлэ, ПСЗ уэрамым тет унэм и 1-нэ фэтэрым щатхауэ Прохладнэ кьалэм щыпсэуар, 2014 гъэм мэкъуаугъуэм и 16 лъандэрэ и Іыхьлыхэм ящlэркъым ар здэщlыр.

Кьалъхьуэ Полуян Кирилл Олег и кьуэм и хэщlапlэм фыщыгъуазэмэ, ар кьагъэутыжьынымкlэ сэбэп хъун хьыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкlэ: **(86631) 7-58-02, 7-67-02, 02** е полицэм и кьудамэ нэхъ фпэгъунэгъум зыхуэзгъэззну.



Урысей МВД-м Шэджэм куеймкlэ и кьудамэм кьелъыхъуэ **Кlыщ Султlан Башир и къуэр**, 1964 гъэм кьалъхуар, КъБР, Шэджэм район, Шэджэм ЕтIуанэ къуажэ, Бэгъуэтым и уэрамым тет унэ №30 «г»-м щыпсэуар. Абы шэч хуэщl УФ-м и УК-м и 327-нэ статьям и 4-нэ Іыхьэм кьыщыгъэлъэгъуа щlэпхъаджагъэр илъэжьауэ.

Кьалъхьуэ Кlыщ Султlан Башир и кьуэм и хэщlапlэм фыщыгъуазэмэ, ар кьагъэутыжьынымкlэ сэбэп хъун хьыбар гуэр фщIэмэ, дыныволъэIу фыкъэпсэлъэну мы телефонхэмкlэ: **(86630) 4-23-79 или 02**.

***Къэрал кlуэцlі Іуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыlэм и пресс-Іуэхущlапlэ.***

# Туристхэм яхуэщхьэпэн чэнджэщхэр

● Гу зылъытапхъэ

дэлэжьэну фи мурад Іуэхущlапlэр абы кьыщыгъуэтмэ - фытегушхуэу путёвкэр кьэфщэху хъунущ.

Турфирмэм е туроператорым я хэщlапlэм фыщыкlуэкlэ и псэукlэ-щыlэкlэм гулъытэ хуэфщl. Я унэльащlэхэр зыхуэдэмкlэ, къызэрызэгъэпэщлмкlэ кьыжьгурыIуэнущ абы я Іуэху зыIутыр. Апхуэдэу рекламэ буклетхэм, Іуэхутхьэбзэ зыхуащlэ цlыхуэхэм лэжьакlуэхэр зэрепсальэми фыкlэлъыплъ.

Уасэхэм гулъытэ хуэфщl. Путёвкэ уасэр цlыкlумэ, фегупсыс: Европэм зы цlыхум тхьэмахуитlкlэ щыгъэпсэхуныр сом мин 20 и уасэу кьыфхуагъэлъагъэмэ, ар пэжкъым. Щхьэусыгъуэншэу Іуэхущlапlэм путёвкэ уасэм кlэригъэхумэ, зыгъэпсэхуакlуэ фимыгъэкlуэхэхэмкlэ хъунщ е фежьауэ гъуэгу фызыдытетым и лэжьыгъэр кьигъэуэнэмыщэ дэюдоистым ехъулlэныгъэр зыIэщlигъэкlакъым. Мудрэным дыжьын медалыр кьыIыIэсащ.

Мы махуэхэм ди лъэпкъэгъум зыхуегъахьэзыр Рио-де-Жанейрэ щекlуэкlыну Олимп джэгухэм.

**Мыз Беслъэн Хорватием кьыщыхожанык1**

**Мы махуэхэм Хорватием щекlуэкlащ каратэмкlэ дунейпсо кубокыр къэхьынымкlэ щlалэгъуалэм я зэхьэзэхуэ. Дубровицэ кьалэм дэт Мария-Лино спорт комплексым щызэхуэсат кьэрал куэдым я спортсмен нэхъыфlу 1100-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым каратэмкlэ и федерацэм и президент Гуэбэшы Аслъэн хьыбар кьызэрыдигъэщlамкlэ, абы дыжьын медалыр кьыщыхьащ ди республикэм щыщ Мыз Беслъэн.**

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 76-м нэсхэм я деж щыригъэкlуэкlа зэIущlэхэм щэч кьызэтУмыхьэн текlуэныгъэхэр кьыщыIэхьа ди лъэпкъэгъур финалым щыIуащlащ Аргентинэм кьикlа Олазарри Себастьян. Зэхьэрхуэрэгъуэм бэнэныгъэ зэхуэдэ кьагъэлъэгъуа пэтми, судьяхэм Олазарри нэхъ ягу дыхьащ икlи Мыз Беслъэн кьыIыпысар дыжьын медалырщ.

- Фокlадэм Беслъэн и ныбжьыр илъэс 18 ирикъунущи, дяпэкlэ балигъхэм я зэхьэзэхуэхэм зыкъыщигъэлъагъуэфынущ. Адэкlэ дэ зыхуэдгъэхьэзырынущ Урысейм и Кубокыр кьэхьыным теухуа зэпеуэм. Абы щытекlуэхэм дунейпсо чемпионатым зыкъыщагъэлъэгъуэну Іэмал яIэнущ, - жиlащ Гуэбэшы Аслъэн.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

● Спорт хъыбархэр

**Спортсмен цlэрыIуэм и фэеплъ зэхьэзэхуэ**

**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсменитIым медалхэр кьыщыхьащ Алиев Алий и фэеплъ дунейпсо зэхьэзэхуэу бэнэкlэ хуитымкlэ Дагъыстэным щекlуэкlам.**

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 61-м нэблагъэхэм я гупым щрагъэкlуэкlа зэIущlэхэм псоми текlуэныгъэ кьыщыщlащ икlи дыщэ медалыр зыIэригъэхьащ Мусукаев Исмэхьил. Финалым абы щыхигъащlащ Дагъыстэным и лIыкlыр Рашидов Шамил.

Нэхъ хьэлъэ дыдэхэм я гупым, килограмм 125-м нэблагъэхэм я деж, дыжьын медалыр кьыщихьащ Къуащхьэ Мурадин. Финал зэIущlэм ар 0:1-уэ кьыхигъэщlащ Украинэм и цlэкlэ зыкъэзыгъэлъагъуэ Засеев Алан.

**Европэм и Кубокыр Іэщlокl**

**Словакием и къалащхьэ Братиславэ мы махуэхэм щекlуэкlащ дзюдомкlэ Европэм и Кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ ди лъэпкъэгъу Мудрэн Беслъэн.**

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 60-м нэблагъэхэм я гупым щригъэкlуэкlа зэIущlэхэм щытекlуа Мудрэныр финалым щыпсэщlэтащ Германием щыщ Граф Филипп. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ещанэ дакъикъэр екlуэкlыу иппонкlэ ди щlалэр кьыитезыдза нэмыщэ дзюдоистым ехъулlэныгъэр зыIэщlигъэкlакъым. Мудрэным дыжьын медалыр кьыIыпысащ.

Мы махуэхэм ди лъэпкъэгъум зыхуегъахьэзыр Рио-де-Жанейрэ щекlуэкlыну Олимп джэгухэм.

**Мыз Беслъэн Хорватием кьыщыхожанык1**

**Мы махуэхэм Хорватием щекlуэкlащ каратэмкlэ дунейпсо кубокыр къэхьынымкlэ щlалэгъуалэм я зэхьэзэхуэ. Дубровицэ кьалэм дэт Мария-Лино спорт комплексым щызэхуэсат кьэрал куэдым я спортсмен нэхъыфlу 1100-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым каратэмкlэ и федерацэм и президент Гуэбэшы Аслъэн хьыбар кьызэрыдигъэщlамкlэ, абы дыжьын медалыр кьыщыхьащ ди республикэм щыщ Мыз Беслъэн.**

ЗИ ХЬЭПЪАГЪЫР килограмм 76-м нэсхэм я деж щригъэкlуэкlа зэIущlэхэм щэч кьызэтУмыхьэн текlуэныгъэхэр кьыщыIэхьа ди лъэпкъэгъур финалым щыIуащlащ Аргентинэм кьикlа Олазарри Себастьян. Зэхьэрхуэрэгъуэм бэнэныгъэ зэхуэдэ кьагъэлъэгъуа пэтми, судь